

TÉEREB WAY XAMLU

Njàngum xalis

loul
a ubbi ab kont
baax xalis
yónnee.


Doomu ndey
xamu ma sax
lu tax
ma def ko !

Dinanu jéema def pexe,
waaye bul lebati muk
ngir fey bor.

Lan la Waagaan ?
xel de nekku fi tey
ci suba si !

Njabo
Dama
ngóor !
ag

SAYTU BU BAAX SEEN XAALIS !



Bureau régional Afrique de l'OIT
Bonne gouvernance des migrations de main
d'oeuvre et son lien avec le développement
au Mali, en Mauritanie et au Sénégal

TÉEREB WAY XAMLU

Njàngum xalis

Moomeelu © Kureelu àddina giy toppatoo liggéey 2012
Móol bi jëkk 2012

Fésalug kureelug Addina giy toppatoo liggéey di bég ci di aar àqu fentkat ci ni ñu ko dëhale ci limu n° 2, jukkib déggoo ci Addina bépp ci aar àqu way fentkat yi. Waaye nak jukki yu ndaw yi mënees na ko sotti te doo ci laaj ndigël, bu fekke ni fa ñu ko jële leeral nañu ko. Béppub sotti walla firi war nañu koo yónnee ci dal yii : fésalug yu BIT (àq ak kayit guy maye sañ-sañ), dalu aaduna biy toppatoo ligeey, CH-1211 Sëneew, walla bataaxal: pubdroit@ilo.org. Bés bu nekk nu ngi nég seeni laaj.

Wayndare, kureel ak yeneen way jëfandikukat yu bindu ci kureelug saytu àqu sotti, duñu mēna sotti dara ludul ñu am ci ndigël ci ni ko yoon santaanee. Nemmeeku leen sit www.ifrro.org ngir mēna xam kureel giy joxe sañ-sañ ci seen réew.

BIT. Kureelug way tukkikati àddina
ISBN : 978-92-2-926699-2 (print)
978-92-2-926700-5 (web pdf)

Jagle ci ñu wone ci li BIT di móol, méngoo naak li ñuy def ci kureelu mbootaayu xeet yi, woneek njur mi ci nekk taxul kureelu liggéeyu àddina mu jël genn péete ci li yoon jox réew walla aw dënd, walla ci ay njiitam walla na ñu rēdde ay digi réewam. Xabaar yi, gëstu yi ak yeneen yu ñu xaatim lu ca mënti xew yitteelul kureelu liggéeyu àddina si ña ko bind daal ñoo koy gàddu, kureel gi moom xalaat yeek gis-gis yi yoonam nekku ci.

Lu ñu biral mbaa lu ñu biralul, kēru liggéeyukaay sàngam walla meññeef nàngam walla doxalinu njaay yitteelul kureelug liggéey ci àddina si du ca wax lenn lu koy yàq mbaa lu koy defar.

Mbind yi ñuy siiwal ak jumptukaayi xarala yu ame ci béréb yi ñu koy fésale walla ca séenub dal BIT. Mënees na koo ame itam ci saasi, agitam ab karne walla xët mi ñu ko bind mu fésal mu bees, ci dal yii: fésali BIT, Biro internasyonaal bu liggéey, CH-1211 Sëneew 22, Siiwiis, walla ci bataaxal: pubvente@ilo.org.

Seeti leen sunu sit Web: www.ilo.org/publns.

Njiit li :	Federikoo Barowetaa
Way jàppale yi ci mbind :	Pólin Lewonaar, ci ndimbalu Soxna Sewerin Deboos (tëralinu koppar solideer) ak soxna Mari Labaraadoor (Interwidaa Senegaal)
Nataal :	Sàmba Ndar Siise
Defar xët yi :	360

Téere bii nak ki ko defar mooy Interwidaa Senegaal ak OIT ci biir sémb « doxalinu nguur gu baax gu liggéey ak yokkute gu réewum Senegaal, ca réewum Móritani ak ca réewu Maali », ci ndimbalu koppari Njawriñu ESPAÑOL gi yore liggéey ak kaaraange njaboot.

Ci ndimbalu koppar Njawriñu Español
ji yore liggéey ak kaaraange njaboot gi
agitam Fondasyonj Inteerwidaa



BOPPU XIBAAR YI

A)	Ubbite	6
1.	Defarug téereb njàng ak tàggat ñeel xalis	6
2.	Woneek téere bi	8
3.	Laaj « nan laa wara saytoo sama xalis ? Lan moo wara doon sama taxawaay ci xalis ? »	9
	Jaar-jaaru Waagaan	10
B)	SAMP AY JĚMU AK DI WAXTAAN CI BIIR NJABOOT	17
1.	Ndax samp nga ay jĚmu !	19
2.	Waxtaan ak sa njaboot ci say jĚmu !	20
3.	Ñaata la jĚmu yi di jar ? Yan ñoo ěpp solo ?	20
4.	Aw tĕralinu xalis ngir àgg ci say jĚmu !	21
	Jaar-jaaru Mari	25
C)	Sosal nafa	29
1.	Jĕnd lu am solo !	30
2.	Sosal nafa !	34
3.	Nemmeeku sa nafa !	36
	Jaar-jaaru Aysatu	41
D)	Meññeef ak liggéey ci xalis	46
1.	Tànn sa xeetu ndenc !	48
2.	Ngir tànn sa meññeefu ndenc	50
3.	Tànn xeetu jot xalis ngir say sémb !	51
4.	Bu soxla amee, tànnal bu baax sa xeetu bor !	54
5.	Moytul ! bul bariy bor !	57
	Jaar-jaaru Mamadu	59
E)	Kureeli leble ak yónnee xalis	64
1.	Amal kóolute bu fekke ni yaa ngi liggéey ak kureeli leble xalis !	66
2.	Di yónnee xalis ci di ko defe ci xel !	69
	Jaar-jaaru mamadu ak mari	72
F)	Saytu loraange, sàqum fàggadiku ak kaaraange	75
G)	Ngir way tukkikat yi bĕgga dellusi seen réew walla liggéey fi dara, cig yaatal ngir nit ñiy xalaat ci seeni sémbi liggéey, waaj leen ca teel !	79
	Xam ngeen seen bopp !	79
	Sos sa sémbub liggéeyukaay !	80
	Dajale ak wayndare yu am njariñ	81

1. DEFARINU TÉEREB WAY – XAMLU JĚM CI TÀGGAT AK NJÀNG MU ÑEEL XAALIS

Jumtukaay bi ngéen yore, téereb way – xamlu bu soxal njàng mu aju ci xaaḷis la. Ku ne mën a koo jëfandikoo, rawatina koo xam ne dafa bëgg a ñonal mbaa di saytu alalam ci anam bu gën a baax, gën na mucc ayib. Téere bii mën nanu koo baaxe (jox) képp kuy sàkku xam – xam bu ñeel njàng mu jëm ci xaaḷis (alal).

Mën nañuy jëfandikoo téereb bi ci diir bi ñuy sàkku xam – xam mbaa bu ñu jàngee ba noppi (jeexal njàng mi) di ci nafar ngir fàttilu ku lépp luy ponk bu ñuy sukkandiku ngir yorinu alal ci nim gën a baaxe.

BIT/Migrant ak fondaasiyon interwidaa ñoo àndandoo, móol téere bi ngir sos ay jumtukaay te di wéyal ay tàggat ci njàng mu ñeel xaaḷis ngir Afrig sowu jant. Yoonu defarinu jumtukaay ak tàggat ak njàng mu ñeel xaaḷis dafa dajale ay way – xarala yu jóge fu ne. Moo tax tudd léen lu am solo la, te war.

YOONU YOKKUTE TÀGGAT AK NJÀNG MU ÑEEL XAALIS CI NJITU BIT /MIGRANT

Kureelu BIT/MIGRANT jukkoo ak tukkikati Afrig gu sowu jant ak seen njaboot ci biir sémbub « doxalinu nguur gu baax gu tukkikat yiy liggéey ak seen jukkoo ci yukkute ci réewum Senegaal, ca réewum Maali ak réewum Môritani », ci ndimbalu Njawriñu ESPA OL gi yore liggéey ak kaaraange njaboot . Di tontu laaj bu takku bu tukkikat yi ak taxawaayu gëstu bi ñu def ñeel tukkikat yi ni ñuy jëfandikoo seen xaaḷis ak seen soxla.

Jëmu yu yaatu yi ñu topp ci njàngum xaaḷisu tukkikati Senegaal ak seenug njaboot ci ni ñuy dugale xaaḷis bu ñeel bépp tukkikat. Doxalin wi am ñaari fàнна kepp la: benn bi mooy sos jumtukaayu njàng mu xaaḷis bu méngoo ak doxalinu réewum Senegaal ak samp ay jaarukaay yu yomb ngir mëna wesaare jumtukaay bii.

Kureelu BIT, ak lu ñeel tëralinu Amal gu Solideer am na xam-xam bu soxal njàngum xaaḷis ca wetu way tukkikat yi ak seenug njaboot « réewum Moldawi, Indonesi, Kàmbooj, Nepaal ...). Looloo waral jumtukaay yi ñu teg ko ci yu ñu sosoona ba noppi ca yooyu réew ngir mën koo méngaleek li xew ci réewi Afrig gu sowu jant ak doxalin wu ñu yaatal ñi ñu ko bëgge.

Doxalin wu ñépp bokk defandoo di jumtukaayu njàng ñeel xaaḷisu way tukkikati Senegaal yi ñu defare ko nii :

- Kureelu liggéeyu àddina gi (BIT) Njawriñu Senegaal ju bitim réew ñoo amaloon ndajem wone njàngum xaaḷisu way tukkikati Senegaal ak seenug njaboot.
- Ndaje moomu am na yeneen yu ci topp yu ndaw yu soxal mbind ci ay sumb amoon ci 9 ba 11 ci weeru Mee atum 2011, ci way tukki yi amoon nañu ku leen fa teewaloon bàyyikoo réewum Faraaṅs, Espaañ ak réewum Itaali. Ndaje moomu ñu ngi ci sukkandikoo ci xam-xam bi tëralin wi amal Solideer ca yenen rew.
- Diirub saxal xam-xam bi ci réewum Senegaal amaloon nañu ko ci weeru sullet 2011 ci ay kureelu liggéey yu ndaw.
- Diirub saxal doxalin wi ci waa Senegaal yi nekk réewum Faraaṅs amaloon nañu ko ca Pari péyu réewum Faraaṅs ci weeru Oktoobar 2011 (ci lëkkaloo ak Mitiyel ak keesu leble xaaḷis gu Senegaal ga nekk ca réewum Faraaṅs, MECSEF) ak ci wetu waa Senegaal yi nekk ca réewum Itaali ca weeru deesambar 2011 (ci lëkkaloo ak bàṅqasu àddina gi y toppatoo tàggat bu kureelu OIT ca Tireen).

- Ginnaaw jeexalug saxal googu ay jumtukaay (móol aki nataal), amaloon nañu tàggat bu jëkk ñeel tàggatkat yi, ki ko doon def di kureelu xumbal gu Inteerwidaa bu Senegaal (weeru Awril 2012). Tey jii nak, doxalin wi ñu ngi koy wesaare ca dëndu Órób ak ci Senegaal.

Jumtukaay bi dafay jox gëdda ci ni ñuy yónnee xaaḷisu woy tukkikat. Agitam, woy tukkikat yi ak seenug njaboot, dinañu jële xam-xam yu am solo ci saytu xaaḷisu njaboot gi ci fàнна yii: Mandargay jëmuy xaaḷis, di jukkoo ak seenug njaboot, xàmnee bu baax meññee fi xaaḷis, xàmnee kureeli xaaḷis, di yónnee koppar, kaaraange... (Asiraans)

Xibaar yii yépp dañuy mottali rekk xibaar yi ñu jot a am, ci biir keesu jumtukaay yu way tukkikati Senegaal yu Órób, ku ñibbiisi mëna am fu mu dugg, mën a am itam fu mu daane dooleem walla dugal xaaḷisam ci réewum Senegaal.

Jumtukaayu njàngum xaaḷis nii la bindoo :

1. Téereb tàggatkat (ngir tukkikat yi),
2. Téereb tàggatkat (ngir njaboot yi),
3. Karneb way xamlu.

Ci beneen fàнна ñeel jumtukaay bi dinañu ko amal balaa yàgg , sos ay jumtukaayu déglu, dégg di gis ci yennen làkki réew mi...

YOKKUTE KOOM – KOOM CI GËNNÉELU FONDAASIYON INTERWIDAA.

ONG Inteerwidaa ngi liggéey ngir luy wàcce xaaḷis ci réewum Senegaal ci taxawal sémbub leble xaaḷis ñeel askan wi. Wéralug sémb bi nak mooy càmbar melokaanu koom-koomu réewum Senegaal ci bépp fàнна gën koo dolli rawatina ci ñetti tomb yii :

- Baaxoo di denc, mën di am fooy lebe xaaḷis (rawatina ngir mën di def ay yëngutu yuy jur xaaḷis), ak raññee jumtukaay ak jëfkati xaaḷis te soqikoo ci keesi leble yi ak tàggati njàng ñeel xaaḷis ;
- Dolli mën-mëni xarala walla ci saytu ak tëralinu këru liggéey ;
- Dolli ak gëna baaxal dundinu doom-aadama yi ci fexe ba ñu dugg ci CAFs yi (mëna joti ca bérébi fajukaay yi, yoon yi, ak am aw gisiin ci nekkinu doom-aadama, wareefu jigéen...).

Dooleel ndàmbi xaaḷis yi ñu taxawal te mooy CAFs yi jàppale leen ci ñuy denc xaaḷis ak di mëna jëfandikoo lebe xaaḷis. Njàngum xaaḷis jumtukaay la buy mottali la ci ay yëngutoom du ñàkk moos mu fésal dara ci sémb bi.

Ngir yukkuteek jumtukaay bi ci ak wesaareem ñu yaatal ko ak itam ñu bari mën di ko jëfandikoo doon na lu yitteel lool Inteerwidaa nga xam ni sàkku naa bokk itam ci tabax téereb njàngum xaaḷis.

Fondaasyon Interwidaa ab ONG Áddina la gu y lëkkale ngir yukkute di indi coppite gu wér ci doom-aadama ci woyofal nekkin ak dundinu doom-aadama yi néew doole taxaw temm ci ñàkk gu metti gi ak gënale gi am ci diggante doom-aadama yi.

Ci réewum Senegaal jëfi Interwidaa ñu ngi ko sampu ci lu soxal njàng, yukkute ci wàllu koom-koom ak dund bu day.

2. FESALUG TEERE BI

YAA NGI YORE CI SA BIIRI YOXO AB TEEREB NJANG CI XAALIS

Njàngum xaaḷis, moom sax mooy lan ?

Muy mbooleem xeeti xam-xam di itam ab jumtukaay bu yomba jëfandikoo ba tax ki ko yore ak nu kàttanam mën ti toll dina mēna saytu bu baax ab xaaḷisam.

Tàggatum njàng ñeel xaaḷis mi ngeen wara def dina leen may ngeen tàmbaḷee doxal ak di waajal seeni sémb yiy wara ñëw.

Dina tax itam ngeen gën di xalaat di jukkoo itam ak seenug njaboot ci wallu xaaḷis ak seeni jigeñaale, ngir faj yenn soxla yi.

Di ngeen ci gis it walla gisaat ay jumtukaay ngir saytu bu baax.

Ngir daaneel, ñiy liggéey ci leble xaaḷis, denc, yónnee xaaḷis ak kaaraange (Asiraans) dara du la ci jaaxal !

Nan lañu wara jëfandikoo téere bi ?

Téralinu jukki yi dañoo toftaloo ci tàggatu njàngum xaaḷis.

Waaye nu leen neex ngeen jànge ko noonu mi ngi aaju rekk ci ni ngeen ko taamoo !

Téereb nataal bi itam laal na lépp lu ñeel njàngum xaaḷis te itam jukki yi mën nañu koo xàjjale ci téere bi.

Téere bi bari na ay tàggatu aki jéemantu ak ay xët yu ñu war di feccali ngir seen bopp.





LAAJ BI MOOY

« Nan laa wara saytoo sama xaaḷis ? Nan laa wara doxalee ak xaaḷis ? »

N° JAMONO	LAAJ		
B.1	Ndax jàpp nga ab gàpp ngir sottaḷ sab sémb ? (tànnal sab sémb li ëpp solo ci nga tontu laaj yii).	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
B.2	Ndax dingay faral di waxtaan ak sa njaboot ci xaaḷis ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
B.3	Ndax xalaat nga ni am xaaḷis jafe na bitim réew ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
C.1	Ndax xam ngeen ñaata la sémb bi di jar ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
C.2	Ndax yéena ngi segg léeg-léeg li ngeen di jaay ci xaaḷis ngir faj soxla (dund, kuran, ndox...) ak yeneen ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
C.3	Ndax dingay faral di bind sa nafa ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
C.4	Ndax dingay tënk ci mbind li ngeen di jaay ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
C.5	Ndax xam ngeen lu denc kayit di jariñ wayndare (faktiir, ngëmu, kayitu pay...) ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
D.1	Ndax xam nga xeetu denc yi am ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
D.2	Ndax xam nga yan melo lañu taamu ngir méngale meññeefu ndenc ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
D.3	Ndax xam nga yan xeeti leble ñoo la yitteel ci say sémb ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
D.4	Ndax xam ngeen xeet yi ñu taamu ngir méngale meññeefi leble ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
D.5	Bu fekkee ni mës nanu laa lebal (kureelug xaaḷis walla ag nit), ndax fey bor ba yomboon na ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
D.6	Ndax jot ngaa feye neneen koppar (këyitu seg, kartu bànk...) ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
E.1	Ndax am nga kontu bànk ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
E.2	Ndax yaa ngi méngale bànk yu bari/IMF ngir tànn bi la gënal ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
E.3	Ndax xam nga xeeti yónnee xaaḷis yu bari ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
E.4	Ndax jot ngaa yónnee/jot xaaḷis ci lu wér (bànk, kuy jëfandikoo yónnee...) ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
F.1	Ndax xam ngeen yeneen xeet yuy aar yàqute dund (wopp, ñàkk liggéey...) ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
F.2	Ndax xam ngeen nan la kaaraange Asiraans ak mitiyaalite ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
F.3	Ndax mës ngaa jot ndàmpaay (xaaḷis) Asiraans walla mitiyel ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed
F.4	gëna neexe ?	<input type="checkbox"/> Waaw	<input type="checkbox"/> Deed

Ci Jiwaalo, ci biir genn gaalug napp





CAABI JU AM SOLO

- Ku xam li mu bëgg ak fu mu jëm, du am jafe – jafe ngir yegg ciy mébétam.
- Boo bëggee ténku ci sa nafa, bàyyil xel ci li nga ni woon moom ngay war di génne ci xalis, saasune.
- Fàggandikul alal ngir mën a faj soxla yiy bette.
- Waxtaanal ak njaboot gi jamono joy tegg (sos) mbaa ngay saytu sa nafa (alal ji).
- Am na ay soxla yu nit mën a waajal ak yu kenn mēnul a fàggandiku. Yaxanal, rekk, moo lay dimbale ngir nga mën a waajal soxlay ëllëg.






CAABI JU AM SOLO

- > Aaral alal ji ngay yōnee, taamul keri dencukaayn xalis yi (maanaam mooy yoon nu woor wi) te yombalalal mbokk ni jotinn xalis bi nga yōnee.
- > Bu nu beggee tann bu mengooh sunny soxla, dinanu bayyi xel ci toxaliin xalis bi te sooraale hi nu koy yōnee ak hi nu koy yōneel (njeg gi, tegendaay yi, ak jegewaayn fañ koy jote).

SAMP AY JĚMU AK DI WAXTAAN CI BIIR NJABOOT



B1. Maa ngi dimbali sama waa kër ci xalis

Bu fekke waaw la waxal limub mag ak ndaw ñi ngay dimbali

B2. Ndax am nga say sémbi bopp ? Ak yu liggéey ?

(maanaam, jënd am xar, dugal xalis ci kërug liggéeyukaay, jënd kër, jënd jumtukaayi njàng, denc xalis bu fekke ni jafe-jafe wér-gi-yaram am na...)

Bu fekke waaw la, ñaata ak yan la ?

B3. Ndax xam nga la say sémb di jar ?

Bu fekke waaw la, ñaata la say sémb di jar ?

B4. Bu fekke ni xam nga ñaata la say sémb di jar, nan ngay wute xabaar ngir xam ?

- ☐ Dama cee waxtaan ak sama benn jigeñaale (sama xarit, samag njaboot...)
- ☐ Damaa laaj koo xam ni jaay mooy liggéeyam, xalaatam
- ☐ Xibaar bi maa ko wutal sama bopp (ci kër xibaarukaay yi, xëti fésal, njaayum siiwal, internet...)
- ☐ Leneen



1. NDAX SAMP NGA AY JĚMU!

DEGGIN

Jěm yiy mǎndargaal say jef. Sampay jěm dina tax nga xam li nga bėgg ak xam li nga wara def ak nan la cay ăge.

B5. Ndax xam nga kañ nga bėgg say sėmb sotti ?
(Maanaam damaa bėgga jėnd am xar fii ak 4 weer)

Bu fekke waaw la, ban jamono nga bėgga sotal say sėmb ?

B6. Ndax xam nga aw tėralin ngir sotal say sėmb ?

Bu fekke waaw la, ban la ?

B7. Ndax yaa ngi am ndimbalu ñi la jege ngir sotal say sėmb ?

JĚEMANTU

Waaw yaa ngi fǎttaliku jėmuwu Peer ak bu Mari ? Bu fekke waaw la, bind ko fii mbaa nga jǎngaat tėere nataal bi !

Yu Waagaan ? Bind ko itam !

Ndax xalaat nga ci say jėmu ? Bu fekke waaw la, bind ko fii walla nga Nataal ko fii !



2. WAXTAANAL AK SAG NJABOOT CI SAY JĚMU !

NDIGĚĚL YI

Yenn ndigĚĚl ngir di diisoo ak sag njaboot

- Xalaatal bu baax ci li nga bĕgga def (ak lu tax nga bĕgg ko) laata ngay waxtaan ak sag njaboot.
- Bul ragala ñakka bokk ay jĕmu yu wuute ak ñeneen nit ci sag njaboot (ñu la mag, ci misaal).
- Wutalal sa bopp ñu la jappale ci sag njaboot: ay nit ñoo xam ni jot ngaa waxtaan ak ñoom lu jiitu, ñu lay jappale ñu njaboot gi jox cĕr.
- Ngir waxtaan ak njaboot gi ci say jĕmu, tànnal waxtu wi: waxtu wi walla nit ñu am jot, ñu amul leneen lu leen di gállankoor...
- Na nga wóolu sa bopp jamono booy wax ci say jĕmu te nga déglu xalaati nit ñi te nga bañ leena dog.
- Joxe cĕr, neex dereet te moytu di dĕgĕr ci say xalaat.
- Bu dĕggoo amul, boole leen seeni xalaat te wut pexe moo xam ni dina jariñ njaboot gépp.



3. ÑAATA LA SAY JĚMU DI JAR ? YAN ÑOO CI ĚPP SOLO ?

Ndax xam nga njĕgu say jĕmu nu mu toll? Bu fekke ni waaw la, bind ko ci wetu say jĕmu walla sab nataal, bu loolu amul, dina am solo lool nga def ay gĕstu, ngir xam ko. Moomu pexe dorŋ nga mĕna def ba xam ñaata nga soxla ci xalis ngir àgg ci sa jĕmu. Balaa booba sax, mĕn ngaa japp ci sa xel ag njĕg goo xam ni di nga ko mĕna jubbantiwaat boo noppee.

Ginnaaw loolu, bindal te tegale soxla yi ěpp solo ngir àgg ca say jĕmu nga bind ay lim (1 ngir bi ěpp solo, 2 bi ěpp solo noonu ba lépp jeex).

Ci misaal, ci lu soxal Mari, li ko ěppal solo fey jumptukaayi njàngi doomam ca weeru sàttumbaar wee di ñĕw. Kon ca wetu jumptukaayi njàng yooye, dafay bind 1.

Lĕegi yaw la !



4. AW TĚRALINU XALIS NGIR ÀGG CI SAY JĚMU

Lĕegi nak, ñu fàttaliku te feccali àlluwa jii ak bépp xibaar boo xam ni jotoon nañu cee xalaat : jĕmu , li ěpp solo, njĕg, gapp ba nga bĕgga àgg ci say jĕmu , ak yeneen yooni xalis (wàññiwul dara)

SAMA/SAMAY JĚMU CI LU GÀTT	GÀPP BI MA BĔGGA ÀGG CI SAMA JĚMU	LI SAMA JĚMU DI JAR	LIMU WEER YI DES LAATA GÀPP BI DI JOT	YENEEN XEETI XALIS (WÀÑÑIWUL DARÀ)	ÑAATA LAA WAR DI DENC WEER WU NEKK NGIR ÀGG CI SAMA JĚMU
Ci misaalu Mari ak bu Peer : fey jumptukaayu njàng yu sunuy 3 doom	Sàttumbaar	12.000 Francs CFA xale bu nekk mu doon 36.000 Francs CFA mbooleseen 12.000 x 3 = 36.000	8 weer	Li ma samab jigéen may (gàddul ko turandoom) : 12.000 Francs CFA Des li Peer ak Mari di fey : 24.000 Francs CFA	3.000 Francs $\frac{24.000}{8 \text{ mois}} = 3.000$
Sama/samay jĕmu ci diir bu yàgg ñooy :					
Jĕmug samag njaboot ci diir bu gàtt ñooy :					
Jĕmug samag njaboot ci diir bu yàgg ñooy :					
MBOOLESEEN WEER WU JOT WAR NA MAA DENC AB XALIS NGIR ÀGG CI SAMAY JĚMU YĚPP (DAYO BI CI KĚRUG NDEYJOOR) :					

WAY JAPPALE

han itam! War naa denc
weer nu nekk , ngir àgg ca
samay jëmm .

Defal ndank ! Bu fekke ni
menoo denc lu tollu noonu , kon
war na nga seetaat say jëmm :
ci wàññi seen njëg , dindeedi
yenn jëmm yi , xawa soreel
gapp yi nga jappoona àgg ca
say jëmm... men nga koo def ci

topp ya épp solo te doo laal
jëmm 1 walla 2 waaye nga
laal jëmm 3 walla 4...

Nafa : 1200
Jëmm 1 : - 560
Jëmm 2 : - ~~350~~
Jëmm 3 : - 600
Jëmm 4 : - ~~420~~
40



CAABI JU AM SOLO



- Dafay gëna yomb ngir sottaal say sémbi dund bu fekke ni xam nga li nga bëgg samp lu dëgër ngir àgg ca jëmmu ya bu wér.
- Am na yenn jëmmu yu ñu mëna def bu gaaw, am yeneen yoo xam ni dafay laaj ay at yu baree bari.
- Jëmug kenn ku nekk mën naa soppiku cig dundam wuuteek li xew ci biirug njabootam rawatina nak njaboot gu am ay waajur yu nekk bitim réew waaye dina am solo ñu fexe ba déggale jëmug way tukki yi, rawatina bu fekke ni way tukki ji mooy dimbali njabootam ngir àggale jëmmu yi.


Bi jant di so, ci Otel Milano Lawanderaa





Piyeer jëkkër sama natt na te dogu na ci nan la wara defe ay nduggam. Ci misaal, weer wi topp, ci Ut, weer wu neexa jaaye la ay meññeef. Ci noonu la natte ba xam ni mën naa am lu tollu ci 100 « óro » ci li mu jaay ci lujum ak meññeef. Natt na ba xam ni dina am 30 « óro » ci njaayum anaanaas. Xalaat nanu lépp ba téral ko te it dinaa ko yónnee 200 « óro » weer wii di ñew.

Ndàmb li Piyeer ak Mari defar ginnaaw tukkib ñetti at	
Li ñu am	Dayo xalis (óro)
Li ñuy ame ci liy jóge ci tool bi (jaay meññeef)	100
Li ñuy ame ci njënd ak njaay (njaayum meewu mbaam)	30
Mbooleseen	130
Yeneen	200
Yónnee	330
Mbooleseen li ñuy am	
Ndugg	
Nduggum kër yu jaadu (soxla yi)	
Gaas ak kuraŋ	10
Undub kër	55
Tab dem	10
Wér gi yaram/garab	20
Jqkkoo (telefon)	5
Nattu tontin	20
Nattab waa gox bi	10
Yeneen	
Mbooleseen (soxla)	130
Ndugg yu ñu waajal (bëgg-bëgg)	
Telefon portaabal « ekraan tagtil »	40
Maye ci kuy mǎggal judd : welo bu ndaw	10
Ñawlu mbubb mu bees	40
Wantilaatëer ngir sa néeg	10
Dem baali/bérebu feccukaay	
Jëndal Mari ab takkaayu wurus	
Mbooleseen (bëgg-bëgg)	100
Mbooleseeni ndugg	230
Li ñu am-ndugg	100
Denc ngir yokk ay mbiram	100



CAABI JU AM SOLO

- Laajte bu baax ngir mën a natt njariñ ak njëgu sunuy jemu lu ciy am solo la.
- Nafa (Teral liy dugg ak liy génñ) jumtukaay la bu nuy dimbale ci ni nuy saytoo sunu alal.
- Nafa daf lay dimbalee ci ni ngay jëfandikoo sa alal ngir ngga mënna agg ci sa jëmu.
- Booy tabax (sos), dangay xayma li ngay am (liy dugg) ak li ngay jëfandikoo (liy génñ).
- Xayma boobu, mooy dimbale nit ki ba mu xam li mu mën a yaxanal saasune maanam li muy teg ci pegg bi.





C

SOSAL NAFA !



C1. Bu fekke ni am naa sémb yu bari war naa xam yan ñoo ëpp solo ci man, ma tegale ko ci ni ma ko bëgga defe

☐ Waaw ☐ Deed

C2. Xam naa ñaata laay am weer wu nekk

☐ Waaw ☐ Deed

C3. Xam naa ñaata laay jaay weer wu nekk

☐ Waaw ☐ Deed

C4. Damay tànn li ëpp solo ci li may jëfandikoo

☐ Waaw ☐ Deed

C5. Xam naa lan mooy nafa

☐ Waaw ☐ Deed

C6. Dinaa defar nafa ak di bind fu ma toll

☐ Waaw ☐ Deed

C7. Jot naa am ay jafe-jafe ak bànk bi ndaxte amuma woon ay kayit yu baax yuy leeral

☐ Waaw ☐ Deed

1. JËND LU AM SOLO !



LAAJ YI


- Li ngay jënd bari na walla ku mënna sakkanaal nga ?
- Ci misaal, ndax yenn saayi di nga faral di bàyyi ay jëmu yoo bëggoona def ?

FÉSAL YI


Denc, du jaay sa xalis bepp ak di laq ab xaaj rawatina ngir ellëg. Di yaxanal di ndollent lu bari walla lu nêew ci defin yu sax leeg-leeg

JÉEMANTU


Dimbalil Waagaan ci mu tann ci li am solo ak leneen ! rêddal nataal bu nekk ak la mu méngool ci ay soxla ngir ràññatle bëgg-bëgg yi.



Ndab luy def aw ñam




Mobilet/mótó (niki Jakartaa)



Kawasu sëyukaay



Rocci xalis xobbet



Neeg



Ab daara



Ndox




Puce téléphone



Seetuk yaram



Kuurang



Makiyaas ak kawar gu ñu teg ci bopp



Ay dàlli der yuy jar 100 óró



Portaabal




Kanetu liminaat



Boyetu póon



Kayitu ngañaay



Galaas / caakiri




Rajo bu mak



Ab tele bu mag ngir seetaan



Lecteur MP3




Masinu nataal



Samay begg-begg	Nāata lay jar?
Hbooleseeni samay soxla :	

*Yenn saayi liy doon
bëgg-bëgg kenn mën naa
doon soxla ci keneen. Ci
misaal "keredi telefon":
Mamadu soxla na woo ay
kilyaanam ngir di ci defaraat
ay masin te kii di Waagaan di
ko faral di jëfandikoo ngir di
ci woo ay xaritam.*



☐ Waaw ☐ Deed

- *Deel denc tuuti ci xaaalis bés bu nekk walla ayu bés bu nekk.*
- *Bul di jënd jumtukaay bu yees bu fekke ni am na bu mąggat buy doy mbaa ñu mën koo defaraat.*
- *Di néew looy jënd ay neexal ngir sag njaboot. Waxtaanal ak sag njaboot fexe ba déggoo ak ñoom ci li ngay def.*
- *Bu fekke ni mën na nekk, di jaay lu néew ci xew yi.*
- *Di yore lu néew ci xaaalis (te di ko denc fu wóor: ca kër ga, walla ca bànk ba...).*
- *Bu fekke ni njaboot gooy yónnee xaaalis la, bul di yónnee lépp, xaaj ko denc benn xaaj bi ngir say soxla walla bu lu jump amee.*
- *Di xalaat say jëmu ci diir bu yaqq bés bu nekk ak di fàttaliku li waral ngay denc.*



- Fāww ñu rāññatle xeet yi ñu wara génnee xaaalis :
génnee xaaalis ci li ko jar/lu war (soxla yi, ab dund,
ndox ...) ak lu mēna ñakk (bëgg-bëgg yi, niki
diwu toccamikukaay).
- Denc ngir waajal luy ñēw : ngir way tukkiikat,
denc soxla la, te it lu war la.
- Saytu bu baax li ñeneen ñi indi (ni ko waa
réewum Maali waxe ñeel seenug njaboot).
- Denc - mooy bàyyi bëgg-bëgg bu teew waaye
ngir dugël alal ak def ab jëmu ca kanam.
- Denc, ag kaaraange la.

2. SOSAL NDÀMB !



LAAJ

- Ndax jot ngaa defar nafa ?
- Bu fekke ni waaw la, danga koo bind walla danga koo jàpp rekk ci sa xel ?

DEGGIN YI

Nafa juntuukaay la ngir dogal, teral ak di jefandikoo bu baax sab xaa'lis ngir agdale say jemu.

AB WAY JÁPPALE

Du gis nga ni hari ah Peer defare seen nafa
(ci ndimbah Saah)? Leegi nah yaa ci des!
Feccalilal sa bopp sa xeti nafa!

Defal ndānk! fānw redda m̄w m̄wjj wī doon m̄w baax bu
 loon amul rekk dafay r̄ndeel wī lī ŋa yore doyl
 hon amoo x̄aalis ŋgir lī ŋa wara def lepp.



S A M A N A F A

Sa am-am	
Mbooleseeni	
Yeneen	
Yónnee	
Mbooleseeni am-am	
Genneb xaaalis	
Genneb xaaalisu kër gi lu war la (soxla)	
Gaas, kuraŋ, ndox	
Dund	
Payu woto	
Wér gi yaram/ garab	
Jokkoo (telefon)	
Leneen	
Mbooleseen (soxla)	
Genneb xaaalis yi dolliku (bëgg bëgg)	
Mbooleseen (bëgg-bëgg)	
Mbooleseen genneb xaaalis	
Am-am - genneb xaaalis	
Denc	
Ak di denc ngir soxla yu jump yi	



CAABI JU AM SOLO

- Am na juntuukaay ngir saytu sa am-am nafa.
- Ngir mēna sos sa nafa, fàww na xayma say am-am. Ci xayma googu, ci lañuy sampe kàttanu denc, maanaam ñaata la nit mēna wara làq ci béréb.
- Fàww itam yenn saayi ñuy yamale sa nafa bu dee ni dara am na lu ñu waajalul woon walla bu coppite amee ci xalis bi.
- Nafa da lay dimbali ci nga jël dogal, nan nga wara jaaye sab xalis ak di denc ak wan doxalin nga def ba àggale say jëmu .

3. NEMMEEKUL SA NAFÀ !

Jaar-jaaru Faraansuwaas

Faraansuwaas, dëkkandoo Peer la ak Mari, dafa jànkoteel jafe-jafe yu bari ci joxe xalis ci biir nawet bi. Ndaxte, amoon na ay xew yu xewoon ci dëkkam ba tax na mbooleem way tukkikati àddina bépp te soqikoo ci dëkk bi, daje nañu ci dëkk bi. Te loolu waajaloon na ko ci nafaam. Ci biir nawet bi, jëndal na njabootam ay neexal ak ab dund. Léeg-léeg dinay nemmeeku ci li muy jaay ngir xam li des ak ñaataa ko dese ci nafaam. Xam na ni jaay na lu ëpp ci li mu waajaloon, kon war naa seetlu bu baax nafaam. Am na lu mu teg ci wet ngir jënd yu sew-sewaan « telefon portaabalam », mu dogal jaay lu néew ci yi sew-sewaan yi ngir fay li mu jotoon a jaay ci lu ëpp.



LAAJ

- Lan la faraansuwaas def ngir sàmmonteeq nafaam ?



NDIGÉL YI

Nan lañuy wara méngook fi nafaam yem ?

- Bàyyi xel ci nafa li xalis ngir jënd lu ñu sóoraalewul woon
- Fàttikil ñaata nga jàppa jaay
- Dil nemmeeku li nga jaay
- Fexeel ba am lu wóor ni doo jaay lu ëpp li nga waajal ci sa nafa
- Boo jaayee lu ëpp ci li nga wara jënd, jaaye lu néew ngir leneen
- Defaral am xët ngir gēna mēna wàññ li ngay jaay
- Booleel sag njaboot ci defar nafa li ak di sàmmonteeq moom
- Sàmmal sa ndenc fu sori ngir bañ koo jaay

JÉEMANTU /JÁPPALEB WAY NDIMBAL

Xoolal xëtu nemmeeku am-am bu Waagaan ak xëtu nemmeeku li muy jaay :

SAMA KAYITU NEMMEEKU AM-AM

Sama tur : *Wagane*
Weer : *Fewiriye*
At : *2012*

BES YI	MELOKAANU AM AM YI	LIM YI
1/02/2012	Njaayum jeh	50 000 Frs cfa
17/02/2012	Njaayum jeh	70 000 Frs cfa
25/02/2012	Njaayum jeh	40 000 Frs cfa
MBOOLESEENU AM-AM		160 000 Frs cfa

SAMA KAYITU NEMMEEKU NDUGG

Sama tur : *Wagane*
Weer : *Fewiriye*
At : *2012*

SUKANDIKUWAAYU NJANGALE C.4.2

BES YI	MELOKAANU GENNEB XALIS YI	LIM YI	MEBET
1/02/2012	Luyaas (fay)	30000 Fcfa	<input checked="" type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
1/02/2012	Kuran	7000 Fcfa	<input checked="" type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
5/02/2012	Tiseert bu bees	1000 Fcfa	<input type="checkbox"/> <input checked="" type="checkbox"/>
7/02/2012	Ndimbal dund ngir njaboot gi:		<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
	jënd ceeb ak diwli	50000 Fcfa	<input checked="" type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
7/02/2012	Teg xalis ci CAF	4000 Fcfa	<input checked="" type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
10/02/2012	Yonnee xalis (sa yaay)	30000 Fcfa	<input checked="" type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
10/02/2012	Neexalub IHF	3000 Fcfa	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
20/02/2012	Kartu keredi	1000 Fcfa	<input checked="" type="checkbox"/> <input checked="" type="checkbox"/>
21/02/2012	Wër gi yaram/garab	4000 Fcfa	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
26/02/2012	Ndimbal bu dëkkandoo faatoo	2000 Fcfa	<input checked="" type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
MBOOLESEEN		132 000 Frs cfa	
MBOOLESEENI AM-AM/GENNEB XALIS		160 000 Frs cfa	
DENC		28 000 Frs cfa	

Yaa ci des ! Mën ngaa jëfandikoo ñaari xët yii ngir di nemmeeku say am-am ak say genneb xalis te itam ngir mēna sàmmonteeq sa nafa, kon mēna àggale say jēmu.

SAMA KAYITU TOPPUK AM AM YI

Sama tur :

Weeru :

Atum :

[illegible]

SAMA KAYITU TOPPUK GENNEB XAALIS YI

Sama tur :

Weeru :

Atum :


[illegible]



CAABI JU AM SOLO

- Ngir yem ci li tollook sa nafa, war nga fàttaliku ñaata nga namma jaay.
- Bàyyil xel ci sa nafa xalis ngir ay genneb xalis yoo nammul woona def.
- Booleel sag njaboot ci defar nafa ak di sàmmonteeq moom.
- War ngaa xam sa dayob am-am. Xam ñaata ngay am, jéego la bu am solo ngir sàmm sa alal ak di tëral lu jiitu sam depaans.
- War ngaa xam mbooleseenu xalis bi ngay jaay. Loolu lu am solo la ci sàmm sa nafa. Mën ngaa yemale say genneb xalis boo seetloo ni li nga jaay moo ëpp li nga waajaloon.




Aysatu am ndaje ak Hammadi, Ramatulaay ak Yoro ngir naan àttaaya





CAABI JU AM SOLO

- Jokkoo lu am solo la ci biir njaboot gi rawatina njaboot gi am ñu tukki.
- Kàddug dëgg ci njaboot gi mēn naa jur jàmm mbaa safaan ba waaye li am solo moo di njaboot gi gën laa xam ngir dëggoo am.
- Dugg ci ab IMF walla kēru dēncukaayu xalis nekkul ni fēete nga fa (bokk nga ca) mēn ngaa nak tàmbale di xamlu (laaj).
- Boo bēggee tànn bu mucc ayib kēru dēncukaayu xalis, seetal, settantal la kēr ga ěmb ciy ngēnēel ak njariñ yu méngook say soxla.
- Boo bēggee seet ak settantal ngēnēel ak njariñ li kēru dencukaayu xalis bi ěmb, jàngal bu baax kayit yi, laajal ña fay liggéeye, bul kersa wu, leerlul lépp lu ca lëndēm.



CAABI JU AM SOLO

- > Boo demee bay leb, bëyyil sa xel ne dangay war a fey (Atte bor, fey).
- > Booy leb na fekk nga mēn a fey, maanaam na mēngook la ngay mēn di yaxanal.
- > Hoytul leb ngir fey ab bor (Sul bu kii, feye bu kii).
- > Kuy fey ay boram day am ak yohute.

MEÑÑEEF AK LIGGÉY CI XAALIS



D1. Lan moo waral ngay denc ?

- ☐ Natti mbootaay
- ☐ Sos AGR (yëngatu yuy indi am-am)
- ☐ Dugal ci lu ñeel njaboot
- ☐ Dëkkuwaay
- ☐ Faggandiku bu jafe-jafe bu ñu waajalul amee

*Ngir ñi nekkul
Senegaal*

- ☐ Natt ngir delloosi ku faatoo bitim réew
- ☐ Ñibbisi ngir toog ci sa réew
- ☐ Yeneen

**D2. Yan peXe ngay jëfandikoo
ngir denc ?**

- ☐ Xaalis boo yore ci sa kër
- ☐ Ci ab bànk ci Senegaal
- ☐ Ci bànk ca réew ma nga nekk
- ☐ Ci kuréelug xaalis gu nekk Senegaal
- ☐ Ci wetu sab jigeñaale bu nekk ci réew mi nga nekk
- ☐ wetu jigeñaale bu nekk Senegaal
- ☐ Ci wetu mbootaay gi nga bokk
- ☐ CAF
- ☐ Tontin ak yeneen

**D3. Yan peXe nga yaakaar ni ñoo gëna
wóor ?**

**D4. Yan peXe nga yaakaar ni ñoo gëna
yomb ?**

D5. Ci ban jamono ngay denc ?

- ☐ Ayu bés bu nekk
- ☐ Weer wu nekk
- ☐ Bu bër gi di jubsì
- ☐ Bu xew wu mag amee
- ☐ Ban jamono ngay gëna néew looy jaay ci niki ni yeneen yi
- ☐ Bu sa mbootaay di dajé

**D6. li ngay denc ci Senegaal ban dayo
la tollu ?**

**D7. Ñaata ngay faral di làq ci xaalis ginnaaw
boo fajee say soxla (bokk na ci fey li
nga leb bu amee) ?**

**D8. Xalaat nga ni mën ngaa denc lu ëpp
bu fekkee ni am nga fànnà bu gën ni
ngay saytoo sa nafa ?**

Lu tax ?

**D9. Ndax xam nga xeeti meññee fi denc
yu bari ?**

Ngir ñeel nit ñi dëkkul Senegaal

**D10. Xaalis bi ngay denc nan la tollu ci
réew moomu nga nekk ?**

Diirub ban jamonoo ngi nii laaloo xaalis ?

**D11. Lan moo wara tax nga leb ngir
taxawal ab sémb ?**

- ☐ Dëkkuwaay
- ☐ Yëngutu yuy indi am-am
- ☐ Genneb xaalis mu ñu waajul
- ☐ Am genneb xaalis mu am solo
- ☐ Sémbub askan wi ngir ñeel sa dëkk, sa mbootaay
- ☐ Xamuma dëgg-dëgg lu tax may leb
- ☐ Leneen

D12. Ndax jot ngaa am bor ?

Lu tax ak ban sémb ?

Nan nga mënà ràññee dayob xaalis bi nga soxla ?

D13. Ndax xam nga ban dayo ci xalis nga wara dugal ci bor bi weer wu nekk ?

D14. Ci wetu kan nga wara jaar ba ñu lebal la ?
Ngir lan ?

D15. Lan nga yaakaar ni moo gëna jafe ngir jot ci bor bi ?

- ☐ Ndax wóor na la ni di nga mëna fey li nga leb ci diir bi ñu la àppal
- ☐ Ndax dina lay faral di dal ngay waxtaan ak sa bànk, IMF
- ☐ Bokk na ci li ñu la laaj
- ☐ Jekku am-am bi la bor bi indil

D16. Lan mooy firnde yiy tax nga mëna tànn bor bi ?

- ☐ Dayob tegendaay
- ☐ Woyofalug tegendaay yi ngir jot ci bor bi
- ☐ Leeral ngi ñuy joxe ngir faramfàcce li muy jar ak tegendaay yiy tax nga jot ci bor bi

1. TÀNN SA XEETU NDENC !

Léegi nak sos nga sa nafak bopp (walla ju sag njaboot), ndax xam nga ñaata ngay denc weer wu nekk ak ñaata nga waroon a denc ci benn jëmu bu nekk.



LAAJ YI

- Lan mooy xeeti ndencum nit ñii ?



» Xeetu ndenc mu nekk am nay njariñam aki gállankoor.

Feccalil àlluwa jii ngir gën leena xam.

NJARI YEEK



GÁLLANKOOR YI

Ngir feccali àlluwa ji, xalaatal ci misaal :

- sa kaaraange xalis,
- di mëna jël xalis ni nga ko bégge,
- ci gàpp yu jaadu ngir jël sa xalis,
- am mën- mën denc lu bari walla lu néew,
- am mën- mën ci ñu lebal la ngir li nga denc,
- am mën- mën ci sa xalis bi nga dénkane indil la dara...



XEETU NDENC	NJARIÑ YI	GÁLLANKOOR YI / TÉQ-TÉQ YI	DAYOB YÀQUTE
<ul style="list-style-type: none"> • Bànk • Post • Kureelu leble xalis 			
<ul style="list-style-type: none"> • Tontin • Kureelug xalis guy lebal jigéen • Bànk dëkk bi • Kopperatiw bor bu ñu yëglewul • CAF (Kees guy leble xalis) • Kureelug ndenc ak leble 			
<ul style="list-style-type: none"> • Ca kër ga (xalis bu wow) • Lu bindoo ni (wurus, takkaay, ag jur, suuf, kër aŋs.) • Ci jaaykat (Komersaan) • Dénk xalis sab ligeñaale 			

AB WOY JÁPALE

Léegi nah xam naa njariñ yi ak gállankoor yi ak yeneen xeeti ndenc. Lu méngoo ak samay jemu kon boog tann naa :



CAABI JU AM SOLO

Am na xeeti ndenc yu bari, fàww ñu xam mbooleem doxalin yi ñuy dence ngir tànn doxalin wi gën ci sunuy jëmu .



2. NGIR TÀNN SA MEÑÑEEFU NDENC

Meññeefum ndenc, ci misaal, téereb ndenc ñeel xale yi ñuy neexale ci 3 % walla kontub ndenc ngir kër ñu jàpp ko ci diirub 5 at.

DEGGIN YI

Meññeefum ndenc, mooy kon aw doxalin ndenc moo xam ni rāññee nañ ay mādargam yi wër, niki :

- Dayob neexal
- Li ngay joxe ngir kont bi (ubbi, tej...)
- Hëna jot ci ndenc/jäppandalug genne xalis
- Yombalug way jëtal liggëey
- Li ñu teg ngir mēna ubbi "kontu" ndenc
- Kaaraange ak fegh
- Jot xalis ci lu yomb
- ...



Wenn xeetu meññeef wu nekk rekk am nay njariñ aki gállankoor (ci misaal, dayo neexal yu wuute).

Ñetti xeeti meññeef a ngi nii yu am solo ci ndenc :

- Kont walla téereb ndenc bu jaar ci yoon ci bu ngeen bëggee jot ci seen xalis jamono bu nekk.
- Kontu ndenc bu ñu bindante méngoo na ak bu ngeen bëggee yaxanal dayob xalis bi nga jàpp weer wu nekk ngir äggale sab jëmu bu leer walla bu leerul (dëkkuwaay, jeexal liggëey, sëy, sémbu yokkute...).
- Kontu buy jeex méngoo naak boo bëggee sab xalis yokku ngir ay jëmu ci diir bu yàgg (maanaam sab xalis dafay yokku boo sàkkoo ci ni doo ko jëfandikoo ci diir boo xam ni jàppoon nga ko lu jiitu).

NDIGËL

Maanaa laaj yi ñu wara laaj kureelu xalis yi ngir tànn sa meññeefu ndenc

- Ndax dinañu mën di jël xalis saa soo ko bëggee ?
- Lan mooy dayob xalis bi nga wara neexale ?
- Ndax dinañu mēna leeb bu fekke ni ubbi nañu kontu ndenc ?
- Ndax arminaatu ndenc bi am na ag woyofal? (ndax dañu wara dugal benn dayo xalis ci gapp bu ñu jàpp ?)
- Ndax am na dayo xalis bu nu wara joxe lu nēew-nēew. ?
- Ndax war nañoo fey dara bu fekke ni dañu bëgga teela jël xalis ? bu fekke ni waaw la, ñaata lañu ci wara fey ?
- Liy faral di am, naka la kilyaan yi di jëfandikoo xeetu kont woowu ?
- Ndax am nañu dayob xalis bi ñu wara joxe lu nēew-nēew ci mēna ubbi kont walla ab dayo boo xam ni moo wara des ca kont ba diirub la kont ba di dox ?

3. TÀNN XEETU JOT XALIS NGIR SAY SÉMB!



KĚRU LIGEEYUKAAYU FARAANSUWAAS

Doonal faraansuwaas te di njiitu benn kĕru ligeeyukaay gu ndaw guy defar njaru bisaap ak buy. Tay dangay seeti sa rakk bu jigeen sofi may jaay njaru jinjeer ak daqaar.

Wenn yoon woo ko seetee, laaj nga sa rakk bu jigeen lu bare ci yan anam lay dugalee xalis ci kĕru ligeeyukaayam. Sa rakk itam bëgg na xam naka ngay dugalee xalis ci sa kĕru ligeeyukaay.

Lii moodi anam yi nga doxalee ba yaatal sa kĕru ligeeyukaay.

Yaa ngi dooree sa kĕru ligeeyukaayu njaru bisaap ak buy ci ñeneenti fuki junne yula sa boroom kĕr jox. Doonte kĕru ligeeyukaay gu ndaw la, tëral nga ab doxalin ngir yaatal ko ndáank ndáank.

Ayu bes bune nga jeema ber ñaari junne ci boyetu ndencu sa kĕru ligeeyukaay bi nga ubi ci kĕru jĕflante xalis ba gĕna jege sa kĕru ligeeyukaay. Naka noonu, ñett wala ñeneenti weer yune denc nga xalis bu doy ngir jekkal sa kĕru ligeeyukaay (njëndum jumtukaay, rafetal anami ligeeybi ak yaatal ko)

Leegi mĕn nga jënd ndugg mu gĕna sakkani, wuutele say njënd. Suukar su gĕna baax, lem, suukaru nit ñi ame jabet). Jot nga mĕna jënd ay buteelu kawsu ngir sa jëndkat yi bëga yobu seen njar kĕr ga ndax duñu lekk ci bĕrĕb bi. Lu sa njarte gĕna yoku, ngay gĕna mĕna sakanal, te sa dugalum alal ci kĕru ligeeyukaay bi di gĕna am solo.

KĚRU LIGEEYUKAAYU SOFI

Doonal Sofi te di njiitu benn kĕru ligeeyukaayu njaru jinjeer ak daqaar. Sa rakk bu jigeen faraansuwaas itam dafay jaay njaru bisaap ak buy yu reewmi.

Tay, da lay seetsi. Nga bëgoona xam naka la sa rakk bu jigeen di dugalee xalis ci kĕru ligeeyukaayam baa yaatal ko.

Sa rakk bu jigeen itam bëgg naa xam naka ngay dugalee xalis ci sa kĕru ligeeyukaay.

Nii moodi ni nga doxalee ba yaatal sa kĕru ligeeyukaay.

Yaa ngi dooree sa kĕru ligeeyukaayu jinjeer ak daqaar ak fukki junneek ni ett ak ñaar fukki junne yula sa kĕru jokkale xalis lebal. Am nga xalis bu doy ngir jëndfifisideer wu ndaw wulay mĕna dajaleel lu gĕna bare ci njar mu sedd mooy jaay.

Matalenga sa bepp genneb xalisu ayu besbi, baci fayub boru kĕru jokkale xalis ba, ci waxtoom, ayu bes bune. Waaye mĕnoo sakanal ludul juroom beni teemeer gĕngaa bare ayu bes bune.

Benn bes mu am butik bu ndaw bu ñuy luwe. nga gis ne xeewal la: natt nga ne sa njarte mĕn na fulu ñaari yoon soo ko luwe. ci lu gaaw nga namma luwe butik bi lukomoy keneen wuutu la fa. nga daal di leb ñaari miliyong sa goro.

LAAJ YI

• Kan ci ñaari jigéen ñii moo wara gĕna baaxle ci limuy def ? Lu tax ?

• Kan moo gĕna mĕna jĕngu ?

• Yan ndigël ngay dénk Faraansuwaas ak Sófi ?

• Bu fekkoon yaw yaay Faraansuwaas walla Sófi, looy def lu wuuteek ñoom ?

NJARIÑ AK GÀLLANKOORU LEB WALLA WUT SA XAALISU BOPP		
	NJARIÑ YI	GÀLLANKOOR YI
Leb	<ul style="list-style-type: none"> Jot ci xalis bu bari Nu mu gĕna gaawe 	<ul style="list-style-type: none"> Njĕgum leb bi (li ñu ciy teg...) Fexe ba nuy fey li nu leb ak di jänkanteel daan yi bu fekke ni sàmmontewul ak gápp yi ñu ko may ngir muy fey bu fekke ni bor bi mbooloo ko leb (tontin...) War naa tontu ci li ñu ko teg ngir boka ca mbooloo ma ak di sàmmontek li yoon tëralconditions
Dugal sa xalisu bopp walla la mu dencoon	<ul style="list-style-type: none"> Moytu njĕgu leb bi (li ñu ciy teg...) Moom sa bopp ci jĕfandikoo sa xalis na mu la neexe Ñuy moytu di jĕl luy indi ngaañ bu fekke ni sa xalisu bopp ngay jĕfandikoo ndaxte dañuy jot lu néew ci xalis Moytu di fey bor bi ñu la lebal ca kanam 	<ul style="list-style-type: none"> Di jot lu yam lu jaadu ci xalis Sémbub yokute gĕn gaa yéex Ñákka gĕna mĕna jóg bu yombal amee ci mbir mi Bañ di laal sab denc bu lu jamp amee, doonte ni sax sa xalisu bopp la

WOY JÁPPANDAL

Bu ma xoolaatee samay jĕm ah sama nafa japp naa ni doxalin wi gĕn dugal xalis ngir sama semb mooy :



CAABI JU AM SOLO

• Am na doxalin yu bari ngir dugal xalis ci say sémb.

• Doxalin wu nekk am nay njariñ ak ay gállankoor. Kon dina baax lool ñu xam ak di nattandook ñi nga xam ni boka nañu ci sémb bi, niki, ci misaal sag njaboot.

• Mĕn nga boole it doxalinu jot xalis yu bari.

4. BU SOXLA AMEE, TÀNNAL BU BAAX SA XEETU BOR !



LAAJ YI

- Mamadu moom am na sémb bu wér, dafay laajte ngir jot ci meññeefu bor bi gëna méngoo ak jamono. Ndax jot ngaa def ni moom? Loola nu mu demewoon ?

DEGGIN

Bor : Hbir la moo xam nit mooy jox keneen nit , ab xalis. Xalis boobu nak war nañu ko delloo ci ab diir.

Tegendaay : Limu xalis bi abakat bi di fey labalkatbi, ganaaw payub bor bi, ngir mēna jēfēndikoo xalisu lebalkat bi.



JÉEMANTU

Tàkkaleel baat bu nekk ak deggin wi mu méngool.

TEGENDAAY

Lim bi abakat bi wara fey lebalkat bi su ñakkee fey bor bi (ci misaal, teg loxo ci ab suuf, ab daamar, ab denc).

DAAN YI

Diir bi tambalee ci jotum borbi ba ci lu jiitu pay gu njëkk gi.

DIIRU BOR BI

Limu bor bi lebalkat bi joxe, ludul tegandaay yi.

NDEYU ALAL JU ÑU SÉDDALE

Sañ sañu nasaxal sartu borbi. ci yenn reew yu melni senegaal, bepp sart ci walu njaay ak njënd mēnula wer ludul su diir ba tambalee (ci walu bor, ci misaal, soo jotee alal ji). diir boobu day dolli kiir laayu abkat bi.

GÀDDU WALLA DAWAL

Limu xalis bi abakat bi di fey labalkatbi, ganaaw payub bor bi, ngir mēna jēfēndikoo xalisu lebalkat bi.

DIIRU DALLU

Lebkat bi amna sañ sañu fey lepp wala ab wall ci boram lu jiitu ñuy agg ci appu sart bi. waaye dana war mu fey ay daan. war na ñu xamlu yooyee daan lu jiitu ñuy jël bor bi.

SAÑ-SAÑU DELLU GINNAAW

Nit kiy fey sa bor su fekee matalewooko. mēn nañu sakku ci kookee mu xaatimando sa sartu bor ak lebalkat bi.

DAWALUG PAY

Diir bi abakat bi wara jēfēndikoo xalis bi ba noppi delooko.

LAAJ

- Yaw, booy tann ku lay lebal, lan ngay wara gëna seetlu?



Mbir yi ñu wara bàyyi xel bu fekke yaa ngi tann ki lay lebal.

- Dayob tegendaay
- Dayob at gu dëgg gu yaatu(TAEG), maanaam njëg bor bi dëgg ci at mi (boo ci boolee li kayit yi di jar, kaaraange gi mënta ñàkk « Asiraans »...)
- Def ag yombal ci jot bor bi (ci misaal xalisu ndenc mi ñu laaj ngir bor bi ñu dawal ci mu nekkal ko fa...)
- Dayob daan yi bu fekke ni yéex naa fey
- Leblekat bi ni fi mu nekk bindoo
- Doxalinu feyeeku bu fekke yéex na (lu jaar yoon, tiital, tëkku...)
- Warugaru jëfandikoo bor ngir jëmu ju yu fédd-geewu (dëkkuwaay, dugal xalis ci am meñneef...)
- Mëna randal walla book diir bi ñu maye
- Mëna jot ci yeneeni kureel yuy leble : ubbi kont buy dox, yónnee xalis, kàrtu bànk, di jëfandikoo portaabal walla internet....

AB WAY JÁPPALE

Bu ma seetluwaatee samay jëmm ak sama nafa, yaakaar naa ni soxla naa lebal :

☐ waaw ☐ déed


Bu fekke ni soxla naa lu ma lebal, xalaat naa ni ki ma ko mëna lebal mooy :



CAABI JU AM SOLO

- Ngir xam bu baax nu ñuy jëfandikoo bor, fàww nga xam baat yiy wax ci bor, luñuy tekki.
- Lebkat bi moo war di delloo li mu lebal ak di ko def ci jamono bi mu wara ame.
- Lebal dafa di mbir mu am solo. Kon bul ko jàppee lu ñàkk solo !
- Ngir tann bu baax bor bi ngay lebal, fàww nga xam xeeti bor yépp nak, ci di laajte benn bu ci nekk nu mu bindoo, ci biir xibaar yooyu ci nga mëna tanne bi gëna méngoo ag say soxla !
- Ku fey say bor woomle !

5. MOYTUL ! BUL BARIY BOR !



LAAJ YI

- Lu Roqaya di def ?
- Ndax xalaat nga ni Roqaya dina sottal ?



DEGGIN

bor bu jeggi dayo mooy, ci nit, ñakka mëna jàngkoonteeh ay boram.

AY NDIGAL NGIR MOYTU BOR YU BARI

- Bul di lebal mukk lu dul li nga mëna fey.
- Xaymaal dayob bor bi : nga dolli ko ci xalis bi ngay am weer wu nekk, ak li ñu may weer wu nekk ngir nga fey say bor. Méngaleel ñaari lim yooyu. Li ñu baaxoo, mooy ñu jàpp ni waratu ñoo lebal bor bu bees, bu fekke ni li ngay fey weer wu nekk ag na ci limub 30 % ci li ngay am.
- Bu fekke ni dangaa ñakka fey ci weer wi waxal dëgg ki la lebal, li la gállankoor.
- Déglul ndigali ki lay lebal, say xarit ak sag njaboot ci ni nga wara fey say bor.
- Waññil yenn genneb xalis yi ngay def bés bu nekk ngir fey say bor.
- Fexeel ab denc ngir lu jamp, ngir mëna jàkkaarlook soxla yu jamp yi, te moytu di jël ci denc bi nga wara fey.
- Jógal ! Demal seeti ñi nga xam ni ñooy toppatoo sa kureelug xalis gi nga bakk. Bul nég ba mu wees ngay soog di yëglu ñaanal ndimbal.

AB WAY JÁPPALE

« Damaa bariy bor (g/j) ? »

Ndax yaa ngi fey lu ëpp 30%
ci li ngay am weer mn nekk
(maanaam li ngay am weer
mn nekk ☐ waaw ☐ dëed

Ngir nit ñi nekk bitim réew, ndax
dinga laaj leeg-leeg ñu lebalat
la (walla bor buy wër)
am solo? ☐ waaw ☐ dëed

Ndax li ngay leb may na la
nga ciy faj say soxla yu teew
(dund, luyaas,
faktiir...) ? ☐ waaw ☐ dëed


Ndax dingay faral di ñaan
« dele » ngir ñu may la nga fey
say ndugg yu sax (luyaas,
faktiir kura...) ? ☐ waaw ☐ dëed



Boo tontoo Waaw ci leen ci laaj yii,
kon defal ndank ! ñen naa am nga
bariy bor walla nga am ay gallankoor
yuy doon. Jögal léegi defar nafa te
waxtaan ah ñi lay lebal, ngir fey
say bor ci lug hena gaaw te moytu
di dugg ci lu lëndem.



CAABI JU AM SOLO

- Yeeneb leb day àndak yeene fay bor.
- Moytu di suul bukki ak di sulli bukki ! : Moytu di leb ngir fey bor !
- Bor du am rakk (kenn warul a yor bor yu bari).
- Bët du yenu, waaye xam na li bopp àttam.
- Xaalisu bor moomoo ko !

Ndakaaru, ci genn këru defaraat masinu xarala yu bees.







CAABI JU AM SOLO

- Yaxanal mooy bàyyi bannexu bàkkan ngir xalaat li jēm ëllëg te di farata.
- Bàyyi xel ci jēmmu yi, mooy tax nga am ndam !
- Di bind liy dugg ak liy gén n lu am solo la. Dina tax nga mën ci sukkandiku ngir xam li weesu ba mën a waajal ëllëg.
- Dencal kayit yooyu fu beggandi (fu wóor) boyet ańs.
- Man miy kiliyaanu kēru dencukaayu xaa lis bi, damaa am samay sañ - sañ.

KUREELI LEBLE AK YÓNNEE XAALIS



E



E1. Ndax am nga kontu bànk ci Senegaal ?

Bu fekke ni déed la, jállal ci saasi ca E6

☐ waaw ☐ déed

E2. Lan la la kontu bànk di jariñ ?

- ☐ Jot ag fey
- ☐ Bind seg ngir fey faktiir, làq xalis ci wet Fey bor
- ☐ Dajale nattu waa mbootaay gi
- ☐ Di jël xalis bu fekke soxla am na
- ☐ Ngir nit ñi nekkul Senegaal

Ngir nit ñi nekkul Senegaal

- ☐ Denc ca réew ma
- ☐ Di faggandikul xalis sag njaboot gi nekk Senegaal
- ☐ Di jëli xalis bu fekke ni soxla am na ca réew ma nga nekk

E4. Nan ak lu tax nga tànn bànk bi ?

- ☐ Jige
- ☐ Ki lay liggeyloo teg la ko
- ☐ Ndigalu sa benn xarit
- ☐ Xat-xatu ubbi kont
- ☐ Yeneen yu ñu wara leeral :

Amoo kont bànk ci Senegaal

E6. Ndax dinga féex boo duggee yaw do ci ab bànk walla ci ab IMF ?

☐ waaw ☐ déed

E7. Nan ngay sàmme xalis bi ngay am ?

E8. Ndax am nga mën-mënu méngale yaw donq kureel yiy leble xalis ?

☐ Waaw ☐ Déed

Yónnee xalis (E3 et E4)

E9. Ndax am nga kont bank ci réew mi nga nekk ?

☐ Waaw ☐ Déed

E10. Ak lu ko waral ?

- ☐ Genneb xalisu njaboot gi
- ☐ Dimbali ak yëngu koom-koom gu ñeel njaboot gi.
- ☐ Dëkkuwaayu njaboot gi
- ☐ Wér gi yaram
- ☐ Dëj
- ☐ Ngénte, takk
- ☐ Xew
- ☐ Njàng

E11. Ci biir 12 weer, ñaata yoon nga yónnee xalis sag njaboot ?

E12. Ban dayo ci lu gëna bari ?

E13. Nan ngay yónnee xalis bi ?

- ☐ Jaar ci ku la jige
 - Bu fekke waaw la, lu tax ?
 - yan njariñ ak yan gállankoor
 - Wonneel doxalin wi
- ☐ jaar ci mbootaay gi
 - Bu fekke waaw la lu tax ?
 - njariñ yeek gállankoor yi
 - Wonneel doxalin wi
- ☐ Jaar ci ab komersan
 - Bu fekke waaw la lu tax ?
 - njariñ yeek gállankoor yi
 - Wonneel doxalin wi
- ☐ Jaar ci kureel guy yónnee xalis
 - Bu fekke ni waaw la, ban la ?
 - ak lu tax ?
 - Yan njariñ ak yan gállankoor
- ☐ Jaar ci bànk
 - Bu fekke ni waaw la ban la ?
 - lu tax ?
 - Yan njariñ ak yan gállankoor

1. AMAL KÓOLUTE BU FEKKEE NI YAA NGI LIGGÉEY AK KUREELI LEBLE XAALIS !



LAAJ

- Lu Saan def laata mu ubbi kont ci kureelu leble xalis gi ?

DEGGIN

Kureelug leble xaaalis : di liggéey ngir xeet wi walla gny liggeeyal boppam faggoo mbooleem fanna doxalin yi taqoo ci di lu ñeel xalis : dënkaane, denc, bor, kureel gu fey di liggéeyam...



JÉEMANTU

Xalaatal bu baax ci laaj yi nga nara laaj ag kureel, laata ngay tànn :

MÀNDARGA YI ÑU WARA JÀNG NGIR TÀNN AG KUREELUG XAALIS

LAAJ YI ÑUY LAAJ

CARACTÉRISTIQUES DE L'INSTITUTION FINANCIÈRE

- Jegewaayu dénd boo ko méngaleek way tukki ji
- Jegewaayu dénd boo ko méngaleek njaboot gi des Senegaal
- Melow jikko ak kóolute ci kureeli xalis yi
- Teewaay ak melo wu baax wu dul wu kureelug xalis (taggat...)
- Mëna def ay jëf yu sori ci di jëfandikoo (Internet, telefon...)
- Baaxaayu liggéey bi ak ay liggéeykatam (am jotug xaar, jox cér kilyaan bi, làkk wi muy wax...)
- Bu soxla amee, sàrti bokk ci kureel gi (natt, diirub ndaje yi, am cérub dogalu way bokk yi...)
- Leerug njëg yi ak sasi liggéey ci xalis ak ag baaxaayu xibaar yi ñuy jox kilyaan yi.
- Amug meññeef mu fédd-géew wu méngoo ak sama taxawaay (ndongo, kuy feyeeku, ku jeexal liggéey...)
- Yëngu yu séntuwul dara (sàqum xalis mu boole yokkute...)

MÀNDARGAY MEÑÑEEF MU KUREEL GI (FII, CI MISAALUM NDENC)

- Mën di denc/yombalu jël xalis
- Xat-xat ak yombalum jëfandikoo gi
- Tegandaay yi la tegu ngir ubbi ab kontu ndenc
- Kaaraange
- Dayob li ngay am
- Li lay may sañ-sañ nga mëna bokk ci yeneen xeeti meññeef ak liggéeyu kureeli leble xalis
- Dayob ndenc (fey gi, daan yi)
- Xalis bu teew
- Baaxaayu dëgg-dëgg meññeef mi (luy yàgg, li nu wér, diine lilaam, booloo ci yokkute...)

JÉEMANTU

Jéema la jàpp am pexe walla nga joxe tontu ci kàrt wu nekk fii.

K A R T N ° 1

Am naa xaat ñaari bor ca bànk ba: benn bi ngir ag kër ak beneen ngir li ma wara jaay ci xewu diine ca sama réew.

Bëgg naa itam léegi jënd ab moto ngir mën di doxi samay soxla bu gaaw.

Sama bànk bañal na maa lebal ñetteelu bor. Ndax jaadu na ?

Lu ma wara def ?

É D U C A T I O N F I N A N C I È R E

K A R T N ° 2

Maa ngi toog ci kureelug leble xalis, dinaa jéema xam li ñuy fey waaye téere bi ñu ma jox ngir ma jàng ko ag itam, di jéemantu ci bind lu nêew-nêew te sax xamu ma baat yi ci nekk yépp lu ñuy tekki.

Nan laa wara def ?

É D U C A T I O N F I N A N C I È R E

K A R T N ° 3

Damay jànkoteek bor yu bari, mënatu maa fey samay bor ndaxte léegi damaa ñakk sama liggéey.

Ragal naa nak li ma bànk bi nara def bu fekke ni feyu ma bor bi.

Ndax dina ñew sama kër, nangu sama alal walla ju sama njaboot ?

É D U C A T I O N F I N A N C I È R E

K A R T N ° 4

Damaa demoon jéli xalis bu sama rakk ju nekk bitim réew yónnee.

Sama rakk leeral na ma ni du ma fey dara ngir jot ci xalis bi.

Moona ka fay liggéeye mi ngi may laaj 4000 F. Ndax yoon la ?

É D U C A T I O N F I N A N C I È R E

K A R T N ° 5

Déggootu ma ak sama bànk ci ndogal yu fa xew.

Kan laa wara waxal ?

Ndax am na kenn ku nekk ca bànk ba ku ma mēna dimbali ?

É D U C A T I O N F I N A N C I È R E

Say wii dafay firndeel kenn ku nekk doxalin wiy aar kilyaan bi ci kureeli leble xalis yi nga xam ni¹ :


- Moytu bor yu bari.
- Joxe aw tëralinu feyeeku wu leer te dëggu.
- Di jëfe ay doxalinu feyeeku yu tegu si yoon.
- Saxal ay jikko yu rafet ñeel liggéeykat yi.
- May ay bunt yu tax kilyaan yi di am ndampaay bu ñu leen yàqalee.
- Di nēbbal kilyaan bi ay mbiram.



CAABI JU AM SOLO

- Ngir tànn bu baax kureelug leble gi fàww ñu jàngi ay màndargaam ak ay meññeefam ak sax nak ci yi gēna méngook sunuy soxla.
- Ngir jàng ay màndargaam ak ay meññeefu kureelug leble xalis, dina am solo lool nga jàng bu baax téere bi te joxe laaj yu baax jēme ko ca ña fay liggéeye : bul nég, laajal lépp lu la leeral !
- Dugg ci ab IMF walla bànk du tax nga joxe kàddu, mēn nañoo tàmbali di xamlu.
- Ku nekk mēn naa dugg ci ag kureelu leble xalis (waaye nak na fekk nga am kayit ga ca war) : war nañu faa fekk daal ba gēn ci nun !
- Man mi doon ab kilyaan ci kureelu leble xalis am itam ay sañ-sañ.

2. DI YÓNNEE XAALIS CI DI KO DEFE CI XEL !



1. Juróom benni ponk yii ñooy yi Smart Campaign tëral (www.smartcampaign.org).




» Bindal ci àlluwa jii njariñ ak gállankooru xeeti doxalinu yónnee xalis wu nekk te nataal yi fésal ko.

NJARI YI



GÁLLANKOOR



NJARIÑ AK GÁLLANKOOR YU WAY YÓNNEE XAALIS

WAY YÓNNEE XAALIS	NJARIÑ YI	GÁLLANKOOR YI
Lu nekk		
Lu nu nekkal		

DEGGIN

Way yónnee xalis yi nekk, ñooy kureel yi nga xam ni kërri liggéeyukaay lañu te ñu am kayit, nga xam ni yoon xam na leen, jox leen ñu am sañ-sañ def ko.

Way yónnee xalis yi ñu nekkal, ñooy ñi nga xam ni seen coobare lañu liggéeye « du lu nguur », mën nañoo ñàkka sàmmonteek li yoon teral ngir doxal yengh ghy yónnee xalis

Ku mu ci mēnti doon lu nekk walla lu ñu nekkal, nañu tànn ngir di yónnee xalis, melo yi ñuy xool ngir tànn doxalinu yónnee ñooy yii :

- njëgu yónnee bi, (peyng yónneekat bi)
- neexalub wecci (ab xalis ci beneen xalis)
- njëgu jot xalis bi, (ki ko fey di ki jot ci xalis bi)
- jigeg dënd (ngir ki yónnee ak ki ñu koy yónnee)
- kaaraange
- gaawaay

JÉEMANTU

Ban laaj ngay laaj way yónnee xalis ?

Yii yenn xalaat la :

LAAJ YI ÑU WARA LAAJ WAY YÓNNEE XAALIS JU NEKK

- Nan laay def bu ma béggee yónnee xalis kenn ci samag njaboot ?
- Yan xët laa wara feccali ngir yónnee xalis ?
- Yan xët la ki ñuy yónnee xalis bi wara feccali ?
- Wan kàrtu dantite nga wara am ngir mën cee yónnee xalis ?
- Wan kàrtu dantite nga wara am ngir mën cee jot xalis ?
- Ndax soxla na ma ubbi kont ci bànk bi ngir mēna yónnee xalis ?
- Ban diir lay jël ngir ki ñu yónnee jot ci xalis bi ?
- Ñaata la yónnee xalis di jar ?
- Ndax ki ñuy yónnee xalis war naa jot ci xalis bi ñuy yónnee yépp walla da cay fey ay tegen-daay ca waxtu wa mu koy jël ?
- Nan laa mēna nemmikoo ba xam ki ñu yónnee xalis bi jot na ko ?
- Ndax dinaa mēna fomm walla soppi samab yónnee ?
- Ban dayob wecceeku, lañuy jëfandikoo ci wecceeku xalis bi ci sama xalisu réew ?
- Bu fekke ni damay yónnee xalisu Óró, ci ban xalis la ko ki ñuy yónnee di jote
- Ndax man ci sama bopp war na maa ñew ci bànk bi walla am na ñuy liggéey doonte ni sori nañu ngir yónnee xalis (Internet, jumtukaayu xarala gu yónnee...) ?
- Ndax am ngeen ay béréb walla ay liggéeykat ci bànk bi yu nekk _____ (bérebu dëkkuwaayu samag njaboot gi nga xam ni bégg naa leena yónnee xalis) ?



CAABI JU AM SOLO

- Dina am solo xam bu baax fi ñuy jaar ngir mēna yónnee xalis (kayit yi nga wara wut, njëg, yoonu way jëfkat ji...).
- Am na ñeenti xeeti doxalinu yónnee xalis : xalis bu wow ak xalis bu wow, kontub xalis bu wow, xalis bu wow ak kont walla kont ak kont.
- Tànnal sa xeetu doxalin ci lu tollook sa mbir ak lu tollook lu ki ngay yónnee te tànn it way yónnee ji (njëgu yónnee gi, neexalu wecceeku bi, njëgu jot xalis bi, jigewaayu dënd...) di tax ngay jël dogal bi gēna méngoo ak say soxla.
- Aaral say yónnee, taamul yoon yu nekk ak di yombalal say jigeñaale jël xalis !





CAABI JU AM SOLO

- Tiis ak nun ñoo ànd, waaye yenn ciy tiis mēn nanu léen a fàggandiku.
- Leeg – leeg li nu jotoon a yaxanal dinanu mēn a dimbale ci soxla yu jump yi. Bu fekke ni li nu jot a yaxanal fajul soxla yu jump yi, nanu lëkkëllook kēru kaaraange gi.
- Boo bëggée aar sa bopp ak sa njaboot, amal ay pexe ngir mēn a pajtal fan boo ciy mēn di jànkoon teel.
- Xam – xam doole la. Képp ku nekk kiliyaanu kēru kaaraange war naa xam luy sañ – sañam maanaam lan lay xaar ci kër gi ay aqam ak ay yeleafam. Te fu mu amee jafe – jafe war naa xam fu muy jar ngir mēn a kalaame (maanaam jooytu). Képp ku bokk ci kēru kaaraange war naa am kayit gu koy màndargaal.

SAYTU LORAANGE, SÀQUM FÀGGADIKU AK KAARAANGE



F



F1. Xam naa lan mooy kaaraange

☐ Oui ☐ Non

F2. Yaakaar naa ni soxla naa kaaraange

Bu fekke ni waaw la, lu tax ?

F3. Am naa kaaraange

Bu fekke ni waaw la, ngir mu fegal ma ci ban loraange ?

F4. Nan la ak lu tax nga tànn sa kaaraange ?


- ☐ Jigewaay bi
- ☐ Ki may liggéeyloo moo ma ko teg
- ☐ Sama xarita ma ko digal
- ☐ Jàppandalug ubbi kont
- ☐ Yeneen yu ñu wara leeral :

F5. Xam naa ki ma wara waxal ak yan kayit laa wara wut ngir jot ndàmpaayu sama kaaraangekat

☐ Waaw ☐ Déed

F6. Sama kaaraangekat jot na maa jox xaalis ba ma amee jafe-jafe (ci li taxoon may aaru)

☐ Waaw ☐ Déed




QUESTIONS

- Loo xalaat ci Waagaan, lan la waroona def ba mbir mii bañ koo dal (ndax bu amul xalis dina mēna faju) ?
- Yan xeeti loraange nga xam yu mēna dal nit ci giirug dundam ?
[Tontu : ag sàcc, bekkor ñeel beykayt yi, am mbënd, ñàkk liggéey, ndee, jàngoro, lafañ ...]

DEGGIN YI

Loraange ngaañ la, lu kenn mēnul sentu, mēn naa indi ay yāqu-yāqu yu kenn foogul woon ci suun bopp.



Ponki kaaraange

Ponki kaaraange mooy sédd lu ñēwagul ca teel niki (jēyya, am jàngoro, ag càcc...) di làq xalis ci wet ngir mēna jot ndàmpaay bés bu lenn ci yii xewee.

Kaaraange aw xeetu kiiraay la ci bépp doom- aadama bu bindu ci ndàmpaayu xalis ginnaaw bi jēyya amee walla lépp lu xew te fekk na kaaraange gi yóbbaale na ko.

Misaal : bu fekke ni dangaa am oto, mēn nañoo bind dēhalant kaaraange ngir bu jēyya amee, kaaraangekat bi fey defaraat bi.

KAARAANGE SÀQUM FÀGGANDIKU


Kaaraangeek sàqum fàggandiku ag kēng liggéeyukaay la gny aare goo xam ni dimbal taxu koo jōg, ba tax na ña ko bokk moom dañny daan seen doole ngir gēn caa ami njariñ²

KÈRUG LIGGÉYUKAAYU GU KAARAANGE

Ag kēng liggéeyukaay gu kaaraange, ag kureel la gny liggéey ci kaaraange. Kēng kaaraange la gny mut a yokk koom-koom

JÉEMANTU

Boleel baat yi ak deggin yi :



2. Ci Senegaal, ni ko yoonu kaaraange waxe (ci yaxalu 330), kērug liggéeyukaay gu kaaraange gu sàqum fàggandiku dafa bokk ci ay jēmoom du jaay. Dafa wara am taxawaay buy aar loraange alali way bokkam di indi

AB WOY JÁPPALE

Ban dayo ci xalis laa wara laq ci bëreb ngir soxla yu jamp yi

Ngir jàkkaarlook soxla yu jamp yi, digle nañu nga laq ci bëreb lu tollooh ñetti yoon li ngay am ci lu nëew ci weer!



Feccalil :

Dayob ndenc mu jamp =
am-amu weer mu nëew :.....
x 3
Total

Lii mooy dayo bi nga wara yore bu mbir mu jamp amee.

CAABI JU AM SOLO

- Gállankoor ag dundu doom-aadama ñoo ànd.
- Yenn wóoradi yi mën nañu ko dogale.

- Lu am solo lool la nga am ab denc ngir mëna jàkkaarloo xew yu jamp yi « yu ndaw » (xoolal. Xeet yu wuute yu jamp yi) : denc caabi jëf la juy ubbi ngir wàññi nëew dooleem.

- Ngir yeneen xeet yu jamp, sa dencub bopp mën naa baña doy: kon fàww nga woo këru kaaraange gi.
- Ngir aaru ak aar samag njaboot: fàww ma taxawal ay pexe yu xereñ ngir mëna yiir ñaari fànnu yépp.



NGIR WAY TUKKIKAT YI BÈGGA DELLUSI SEEN RÉEW WALLA LIGGÉY FI DARA, CIG YAATAL NGIR NIT ÑIY XALAAT CI SEENI SÉMBI LIGGÉY, WAAJ LEEN CA TEEL!

G

WAY JÁPPALE

Sa sëmbi liggéey. : sa xam-xamu bopp ak ay xarala ak li la wër

Sa xalaat ci liggéey (benn walla yu bari)	
Say kattan	
Say teq-teq	
Say kattan diwaan	
Say teq-teq diwaan	
<p>Sa teralim jëf :</p> <p>Lan nga soxla ngir ägg ca ak yohk ni nga hëna ägge ci liggéey walla lu jütu liggéey ?</p> <p>Ag taggatu ? Holkal sa liggéey ? ab lijjaasa ? Yagga def ? Taggatu xam-xam ?</p>	

Loo bëgga def ci réew mi ?

Li ma yéene

Ci ban fànnà ?

Ndax xam nga sa bopp ?
lan mooy say melo
yu baax ak yu bon ?

Ndax jàng nga lu doo
ngir doxal sab sémb ?

Yan xeeti tàggatu ñoo am
ngir nga doxal sab sémb ?

Ndax sa sémb bi méngoo naak
li xew ci diiwaan bi nga soqikoo
walla béreb bi nga bëgga liggéeye ?


AG PÁTTALIKU

Ñetti mbir yu ma jàng ci tàggatu gi :

1.
2.
3.

Bul fàtte ñetti ndigël ngir saytu gu baax xalis :

- njaay mu tegu ci yoon,
- di faral di denc,
- génne alal ci teewlu.



Lan lañuy dolli ci laay yi ñu wara laaj leblekat bi laata ñuy tànn

- Ban xeetu leble moo am ngir doxal ban sémb ?
- Lan mooy dayob tegendaay ji ?
- Ndax war nañoo indi ngëmu ngir ñu lebal la ?
- Ban dayob alali boppam lay joxe bu fekke ni am na benn ?
- Ci nan lañu wara feye bor bi ak tegendaay ji ?
- Ban jamono ak ban waxtu lay fey bor bi ?
- Yan ñooy yeneen jàppandal yu am ?
- Yan ñooy lañu cay fey bu ñu ko boolee ?
- Yan daan lañu lay teg boo yéexee fey ?
- Fu ñu wara yóbbu xalis bi ?
- Ban diir lañuy xaar ngir ñu lebal la ak ban diir ngay jot ci xalis bi ?
- Ñaata yoon lañu wara dem ca kureel giy leble xalis ngir sotal sàkku ci ñu lebal la ?
- Gan kayit nga wara jox leblekat bi ngir ñu lebal la ?

Laaj yi ñu wara laaj woy jëfkat bu nekk ci këru yónnee xalis

- Nan laa wara def ngir yónnee xalis kenn ku bokk ci samag njaboot ?
- Yan xët laa wara feccali bu ma waree yónnee xalis ?
- Yan xët la ki ñuy yónnee xalis wara feccali ?
- Wan kàrtu dantite moo jaadu ngir yónnee xalis ?
- Wan kàrtu dantite moo jaadu ci kiy jot ci xalis bi wara jor ?
- Ndax soxla na ma am ubbi kont ci seen bànk ngir mëna yónnee xalis ?
- Loolu ban yàggaay lay def ngir kiy jot ci xalis bi jot ci ?
- Lu yónnee xalis di jar ?
- Ndax ki may yónnee xalis bi dafay jël lima koy yónnee yépp walla dafay fey la cay dolleeku bu ca jotee ?
- Nan laay def ba xam ni ki ma yónnee xalis bi jot na ci bu wér ?
- Ndax dinaa mëna fomm walla soppi sama yónnee xalis ?
- Ban dayo la weccuku gi di tollu bu ñu wecceekoo xalis bi ci sama xalisu réew ?
- Bu fekke ni yónnee naa xalisu Óró, ci ban xalis la ki koy jot di jële ?
- Ndax man ci sama bopp maa wara dem ca bànk ba walla am na këru liggéeyukaay gu sori ngir yónnee xalis (Internet, xarala yu bees...) ?
- Ndax am na bérebi xalis walla ay way liggéey ci bank bi nekk ca _____ (gox walla fi samag njaboot dëkk, ñoom ñi nga xam ni bëgg naa leena yónnee xalis) ?

Yan xalaat ngay dolli ci laj yi ñu wara laaj kureelug leble xalis laata ngay tànn.

MÀNDARGA YI ÑU WAR JÀNG
NGIR TÀNN KUREELUG LEBLE XALIS

MÀNDARGAY KUREELU LEBLE XALIS	LAAJ YI ÑU WARA LAAJ
Jigewaayu dénd boo ko méngaleek sama njaboot ga ma bàyyi ca réew ma	<ul style="list-style-type: none">• Ndax am na béreb bu kureelug leble xalis gi samp gu ma jige (sama kër, fi may liggéeye walla feneen fu jàppandi ngir man) ?• Bu fekke ni am naa kàrtu bànk ndax am na jëlukaayu xalis bu gaaw bu ma jige (sama kër, fi may liggéeye walla feneen fu jàppandi ci man) ?
Jikko ak am kóolute ci kureelu leble xalis (laaj yi nga wara laaj sa bopp ak gu say jigeñaale wara laaj	<ul style="list-style-type: none">• Ndax am na béreb bu kureelu leble xalis gi samp gu jige samag njaboot gi des ca réew ma (seen kër, seen liggéeyukaay walla feneen fu jàppandi ngir ñoom) ?
Ndax kureelu leble ji jikkoom rafet na (laaj bi ma wara laaj sama bopp walla samay jigeñaale)	<ul style="list-style-type: none">• Ndax kureelug leble gi jikkoom rafet na ?• Lu ci samay jigeñaale xalaat ci kureel gi ?• Ndax kureel gi jar naa wóolu ?• Ndax mas naa dégg ay jafe-jafe yu ñuy wax ci kureel gi ci taskati xibaar yi walla ci samay jigeñaale ?• Ndax xam naa kenn ku am ay jaf-jafe ak kureelug leble xalis gi ? Nan la demewoon ? Nu ñu ko lijjàntee.
Teewaay ak baaxaayu liggéeyukaay gu dul gu xalis (tàggat...)	<ul style="list-style-type: none">• Ndax dinga joxe ay tàggat ci way jëfandikoo yi /way bopp yi ?• Ndax am nga ay cér yuy yokk dencub way tukki yi (ci keesu bopp yokkute...) ?• Ndax dinga dimbali nit ñi ?• Ndax yaa ngi jàppale say kiliyaan ci di leen digal ci saytu ñu dugal xalis ak doxalin wu leer ?
Am kàttanu def ay jëf te fekk nga sori (Internet, telefon...)	<ul style="list-style-type: none">• Ndax dinga def ay ndimbal ci luy tax ñu mën amal ay jëf yu sori ?
Baaxaayu liggéey ak way liggéekat ya (toog di xaar, weg kiliyaan yi, làkk wi muy wax...)	<ul style="list-style-type: none">• Nga biral ko ci saasi boo fa demee.

MÀNDARGAY KUREELU LEBLE XALIS	LAAJ YI ÑU WARA LAAJ
Bu soxla amee, ni ñu wara bokke ci kureel gi	<ul style="list-style-type: none">• Am na ay sàrt yu ñu wara bopp ci kureelug leble xalis di am ? Bu fekke waaw la, yan la ?• Ñaata la dayob natt bi tollu ? Ndax dañu koo war di joxe ayu bés bu nekk, weer, at mu jot...?• Ci yan diir la kureel gi di daj ?• Ndax teew ca ndaje ya lu mēnta ñàkk la ? bu fekke ni waaw la, yan daan lañu lay teg boo ca teewulee ?• Yan kàttan la way bopp yi am ngir dogal ?
Leeral njëg yi ak sàrti liggéey xalis ak di jox xibaar yu baax (kiliyaan yi, te ñu di ko laaj seen bopp)	<ul style="list-style-type: none">• Ndax njëgg yi ak doxalin yi taf nañu leen ci kureelu leble ba ?• Ndax kureel gi defar na téere buy joxe ay leeral walla yeneen pexey xibaar (sit internet...)? Bu fekke ni waaw la, ndax am naa xibaar yépp yi ma soxla ci di jàng téere yi/ di nemmeeku kayit gi ?• Ndax kayit gi kureel gi joxe yomb na xam ?
Am na meññeef yu ràññee ku méngook sama taxawaay (ndongo, pey, ku liggéeyatul...)	<ul style="list-style-type: none">• Ndax am nay meññeef walla kureelu liggéey gu xalis gu ràññeku ngir sama bopp ? (ndaw, ndongo, ku liggéeyatul, jigéen, sémbkat...)
Jëf ngir yalla bu kureel gi / alal ngir and suxaliku	<ul style="list-style-type: none">• Ndax sa kureel dina def ay yëngutu ngir yokkute ? Bu fekke ni waaw la, yan la ?• Ndax am nga xalis boo denc bopp yokkute ngir di jàppale way tukki yi ci seeni sémb yi ñu bëgga amal ci réew yi ñu soqikoo ?
Njotu denc / yombalug jël xalis	<ul style="list-style-type: none">• Ñaata yoon laa mēndi jël xalis ?• Ndax am na lim bu néew bu ma wara jël ?• Ndax war naa fey ay daan ngir jël xalis ci li ma denc ?
Jàppandal ak yombalug jëfandikoo	<ul style="list-style-type: none">• Yan waxtu la kureel gi di ubbi ?• Ban diir lañu wara nég ngir way liggéeykat bi di toppatoo kilyaan bi ?• Ndax am na ay « giise otomatig » ca réew ma ?• Ndax dinañu ma teggil dara bu fekke ni maa ngi jël xalis ci lu gaaw ci réew yépp walla ab dénd bu yaatu, ca bitim réew walla ci geneen kureelu leble xalis) ?• Ndax kilyaan yi dinañuy jot kayit ya ñuy bind li ñu jël ci xalis? aata yoon ak naka ?• Ndax dingay def ay jikkoo ci telefon walla ci xarala yu bees yi xew ?

MÀNDARGAY KUREELU LEBLE XAALIS	LAAJ YI ÑU WARA LAAJ
Sàrt yi war ngir ubbi kontub denc	<ul style="list-style-type: none"> Ban dayo ci lu néew la ñu wara dugal ci xalis ngir ubbi ab kont ? Yan kayit laa wara soxla ?
Kaaraange	<ul style="list-style-type: none"> Gan kaaraange walla ngëmu moo am ngir aar alali kilyaan yi ?
Dayob pey gi	<ul style="list-style-type: none"> Nan la dayob peyug denc bi di tollu ? Ndax dayo boobu mën nañu koo méngaleek yu yeneen kureel yi ? Nan lañuy doxale peyug ni ñuy feye ? Nan la ñuy xaymaa dayob ni ñuy feye ?
Ngir mëna àgg ci yeneeni meññeef ak liggéeyi kureeli leble xalis	<ul style="list-style-type: none"> Waaw bu ma jëndee meññeefu xalis, àgg naa ci yeneeni meññeef ak liggéeyi xalis ? Bu fekke ni waaw la, ban la ? Ci njëg gu ñu leen jagleel ?
Njëgu denc (pey, daan yi)	<ul style="list-style-type: none"> Ñaata lay jar ? (yan pey lañu cay laaj ngir yónnee, ngir jël gu gaaw ci béreb yi « giise otomatig ») Yan ñooy peyug saytu kontu denc ?
Xalis bu wow	<ul style="list-style-type: none"> Ndax jël xalis dina yomb ci alali kont bi, nan lay deme ? Ndax xalis bi yéppa nga fa ? Ndax am na pey gu ñu wara fey bu fekke ni alal ji jël nañu ko lu jiitu waxtu wi ñu jàpp ?
Melowu dëggu wu meññeef mi (dugal xalis lu yàgg, ci la wér, lisaam, bokk yokkute...)	<ul style="list-style-type: none"> Ndax meññeefi xalis méngoo naak melow yi ñu taamu ? Yan la ? Ndax meññeef mi ñu màndargaal ngir dëggal ak sàmmonteek ak melo yi ñu taamu ?

DEGGIN

BUNT	DEGGIN
YAATAL	<p>JËMU Jëmu mooy linga bëgga sottal ëllëk, moo xam :</p> <ul style="list-style-type: none"> Ëllëk su jege, si at miy ñëw - ci misaal mëna jënd ab ndab (paan) lu rey ngir fòot yere. Ci diir bu yagg, su samay domm maggee ba mënal seen bopp, wala suma ligeey waccee, ci misaal sos këru ligeeyukaay. <p>LU YËGU / LU YËGUWUL : Ci yaatal, lu yëgu day "sammoontek melo yi" maanaam ab ëtt, ab kureel, ab sart wala ab yoon. doon na it lu wer lu kureel gu nekk ci kaw nangu. ci misaal taggat yu yëglu moy yi kilifay rewmi nangu.</p> <p>Ci ag wuutale, lu yëguwul du ténkku ci ay sart wala ëtt su wer wala su nguur. ci misaal pacc bu yëguwul bi, mo dajale këru ligeeyukaay yi binduwul ci rejistar de komers te du ñu fey limpo.</p> <p>NAFA Nafa jumbukaay la ngir dogal, naal ak jariñoos sa xalis nu mu gënee ngir yegg ci sa jëmu.</p>
BOYETU BANK	<p>BOYET WALA TÉERE DENC Boyete wala téere denc tegandi xalis wu feggu la (maanaam woo mëna jël te du ándak taggoot wala daan) ci kureelu jokkale xalis mu dila indil tegandaay (luci ëpp ci am at) te du la may nga di ko jëfëndikoo ngir fay jonn ay payoor..</p> <p>BOYETU DENC BU TËNKKU Boyete denc bu ténkku mungi lénk koom yi aju ci sotaluk sémb su raññeeku. Boyete buni mel seenuna boroomam ténku ci ay sotti yu appu ak / wala alal ji ñu naj ko ci ab diir. xaymap tegandaay bi fekkna ñu nat ko lu jiitu. xamnañu ci missal naalub denc ngir dugal alal ci dëkkuwaay.</p> <p>BOYETU DENC BU APPU Soloy boyete denc bu appu mooy tekk xalis bërëb ci diir bu appu ak ci tegandaay bu xamu ca jëlbeen ga. boye bu appu day tekki nga naj lim bi nga teg diir buy yagg leele. Ndegam da fay xoj way denc bi, bile boyete la tegandaayam gëna kawe.</p>
BOR	<p>TEGANDAAY Limu xalis bi abbat bi di fey labalkatbi, ganaaw payub bor bi, ngir mëna jëfëndikoo xalisu lebalkat bi.</p> <p>DAAN Lim bi abbat bi wara fey lebalkat bi su ñakkee fey bor bi (ci misaal, teg loxo ci ab suuf, ab daamar, ab denc.</p> <p>NDEYU ALAL JI Limu bor bi lebalkat bi joxe, ludul tegandaay yi.</p>

BUNT	DEGGIN
BOR	DIIRU BOR BI Diir bi abbkat bi wara jëfëndikoo xaa­lis bi ba noppi delooko.
	GÀDDU WALA DAWAL Nit kiy fey sa bor su fekee matalewooko. mën nañu sakku ci kookee mu xaatimando sa sartu bor ak lebalkat bi.
	DIIRU DALLU Diir bi tambalee ci jotum borbi ba ci lu jiitu pay gu njëkk gi.
	DELLUG GINAAW Sañ sañu nasaxal sartu borbi. ci yenn reew yu melni senegaal, bepp sart ci walu njaay ak njënd mënula wer ludul su diir ba tambalee (ci walu bor, ci misaal, soo jotee alal ji). diir boobu day dolli kiir­laayu abkat bi.
	DAWALUG PAY Lebkat bi amna sañ saCu fey lepp wala ab wall ci boram lu jiitu ñuy agg ci appu sart bi. waaye dana war mu fey ay daan. war na ñu xamlu yooyee daan lu jiitu ñuy jël bor bi.
ANAMI PAY	BOR BU JEGGI DAYO Bor bu jeggi dayo mooy ci nit... ñakka mēna jàngkoontee­k ay boram.
	KARTU JĚL XAALIS Kartu bàank ngir jël xaa­lis kartla bula sa bàank jox ngir jël xaa­lis ci sa boyet sooko dugale ci masin buñuy wax "giise otomatik bàankeer" wala sedelekatu kayit (ñu ka naam gab).
	KARTU JĚL XAALIS AK FEY Kartu jël xaa­lis ak fey dalay may nga mēna toxal xaa­lis ci digante ay bàank ak xarale yu bees yi. ginaaw jëfëndikooko ngir jël xaa­lis si giise otomatik yi mën nga kaa jëfëndikoo ngir fey ndugg yi nga jënd ci jaba yu bare.
	Danga wara am xaa­lis ci sa boyet saa sooy jënd. limu li nga jënd dañu kay teq si saasa ci sa boyet. di ngay jot ci lu appu kayit bu joge ci bàank ba di la xamal mbooleseen lim yi ñu teq si sa boyet ak la ca des.
	KARTU BOR Ci lu bare, kartu bor maynala nga def bepp jëflante bu la kartu jël xaa­lis may. wuute gu mak gi mooy, lu weesu loolu, jël bor saa sune. maanaam soo amul xaa­lis ci sa boyet, mën nga cee jënd ci jaba ci looy leb ci kēru jëflante xaa­lis bi la jaay kart bi (kēru jëflante xaa­lis, jabba bu lāngam yaatu).
NATU AK KIIRLAAY	Ci sart yi nga jēndee kartu bor bi, limu li nga jënd dees nako teq ci sa boyet (ci benn wala yoon yu bare, ci tegandaay bu gēna kawe bi ñu laay faral di tek ...).
	Di ngay faral di jot kayit bu joge ci kureelu jëjlante xaa­lis bi la jaay kartu bor bi, di la xamal mbooleseen lim yi ñu teq bor, lim yi nga deloo ak tegandaay bi.
	Teewlul ! leele, ci nasaraan, nit ñi di jaawaatle kartu bor ak kartu jël xaa­lis ak pay.

BUNT	DEGGIN
YÓNNEE XAALIS	WAY YÓNNEE XAALIS WU YĚGUWUL Ay kureel la yu tēnkuwul ci benn sart te nguur gi tegu ci bēt. ñu ni mel mooy jaaykat yi, xarit yi ...
	WAY YÓNNEE XAALIS WU YĚGU Ay kureel la yu tēnku ci sart wala nguur gi teg ci bēt. ñu ni mel mooy way yonne xaa­lis yi, bàank yiy yēngu ci walu njaay ak njënd, kēru leble xaa­lis yi, ndaje yi ak mbootaayu leblaante yi.
	KIIRLAAY Kiir­laay xeetu sammu la ñeel bepp nit bu xaatim ab sart ci lu mel ni ndāmpaayu kopar ganaaw nattu wala bepp xew xew bu kiir­laay gi ěmb.
	KIIRLAAYU BOKKOO Kiir­laayu bokkoo mbootaayu kiir­laayla, bu sakkuwul ngagnaay, te di moomeelu mbooleem ña ca bokk tey yēngu ci seeni gēngi njariñ.
	KUREELU KIIRLAAY Kureelu kiir­laay kēru ligeeyukaayla guy jaay ay kiir­laay. kureelu kiir­laay moom dafay sakku ay ngagnaay.
NATU AK KIIRLAAY	TĚNKU KIIRLAAY Kayit la bu ñuy jox ki kureel gi wala kiir­laayu bokoo gi yiir te ñu wane ca fāndi sartu kiir­laay ga.
	PAYOOR Limu xaa­lis bi ki ame tēnku kiir­laay gi di fey kureelu kiir­laaygi ngir doxal tēnku kiir­laay gi te weyal wer gi.
	NDĀMPAAY Limu xaa­lis bi kureelu kiir­laaygi di fey nit ki am lumuy jooytu wa la keneen.
	WAY JARIÑU Nit kiy jot xaa­lis bi saa su nattu bu ñu yiir dalee.
	JOOYTU Laaj payooru ñaaq gu tēnku kir­laay gi yiir.
YÓNNEE XAALIS	KARTU KI NU YIIR Kart la bu yiirkat bi di defar te muy wane ne ki ko ame fey na ay payyooram.

TËNKU XALAAT

TËNKU XALAAT

TËNKU XALAAAT

YAA NGI AME CI SA BIIRI LOXO TÉEREB WAY XAMLU CI NJÁNGUM XAALIS

Waaw njàngum xaaalis, lu mu doon ?

Dafa di mbooleemi xam-xam ak juntuukaay yu yomb yoo xam ni ki ko yore dafay xam ay mën mënám ngir di gëna mëná saytu ab xaaalis.

Tàggatu njàngu xaaalis wi ngeen nara def dina leen may ngeen tàmbalee doxal ak waajal seeni sémb yiy ñëw.

Te it dina doon bunt ngir yéen ngeen gëna mëná xalaat, ngir ngeen gëna mëná wax ci lu soxal xaaalis ak seen njaboot, ak di jubbanti yenn jafe-jafe yi.

Dingeen gis walla gisaat ay juntuukaay ngir saytu bu baax seen xaaalis.

Ngir jeexal, kurelu liggéey xaaalis niki leb, denc, yónnee xaaalis, ak kaaraange dara dootu leen ci jaaxal!

Nan lañuy jëfandikoo téere bi ?


Ni jukki yi toftaloo noonu it la njàngum xaaalis mi di toftaloo.

Waaye nak sañ ngeena jànge téere bi nu mu leen neexe !

Téereb nataal yi di wax ci bépp xaatu njàngalem xaaalis te it mën nañu leen tàggaleeg jukkiy téere bi.



Téere bi am na ay
jëmantu yu bari ak ay
xët yoo xam ni mën ngeen
loo feccalee ni mu leen
neexe ngir seen bopp.



Contacts :

Organisation internationale du Travail : www.ilo.org
Fondation Intervida : www.intervida.org